O'ZBEKSTAN RESPUBLIKASI XALIQ TA'LIMI WA'ZIRLIGI

A'JINIYaZ ATINDAG'I NO'KIS MA'MLEKETLIK PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI

PEDAGOGIKA FAKUL'TETI

"PEDAGOGIKA HA'M PSIXOLOGIYa" KAFEDRASI

"Pedagogika ha'm psixologiya" ta'lim bagdari 4 [d] kurs talabasi

**XUDAYBERGENOV BAYRAMNIN'**

**"Joqari klass oqiwshilari menen alip barilatug'in ka'sipke bag'darlawshi korrektsiyaliq rawajlandiriwshi jumislar"**

temasinda orinlag'an

# BAKALAVR PITKERIW QA'NIGELIK JUMISI

**Kafedra basligi:**

**dots. Z.Sherimbetova**

**Ilimiy basshi:**

**dots Sh. Saparov**

NO'KIS – 2017 jil

J O B A S I :

**KIRISIW**

**1-BAP. JOQARI KLASS OQIWSHILARIN KA`SIPKE BAG`DARLAW MASHQALASININ` PSIXOLOGIYADA U`YRENILIWI.**

1.1. Joqari klass oqiwshilarinin’ psixologiyaliq o’zgeshelikleri.

1.2. Oqiwshilardi ka`sipke bag`darlaw mashqalasinin` alimlar ta`repinen u`yreniliwi.

1.3. Oqiwshilardi ka`sipke bag`darlaw xizmetinin` mektep a`meliyatina engiziliwi.

1.4. Oqiwshilardi ka`sipke bag`darlawda alip baratug`in mektep psixologinin` diagnostikaliq ha`m korrektsion jumislari.

**2 BAP. OQIWShILARDI KA`SIPKE BAGDARLAW JUMISININ` TA`JIRIYBEDE U`YRENILIWI.**

2.1 Shaxs tipleri ha’m oldarga mas ka’siplerdi aniqlaw. (Xolland metodikasi)

2.2. Oqiw predmetlerine meyillikti aniqlaw repertuar tablitsasi.

2.3. Joqari klass oqiwshilari menen alip barilatug’in ka’sipge bag’darlawshi korreksion-rawajlandiriwshi shinig’iwlar.

**JUWMAQLAW.**

**PAYDALANILGAN A`DEBIYaTLAR.**

## K I R I S I W

Bizge malim XXI-a`sir informatsiyaliq texnologiyalar asiri. Bul zamanagoy texnikaliq qurallar: uyali baylanis, faksler, elektron pochta, internet tarmag`i siyaklilar ja`rdeminde aniq ha`m apiuayi pikirlerdi jetkerip beriw degen so`z. Ha`r tu`rli ka`siplik xizmet tarawinda islep atirg`an adamlar joqaridag`i texnikalar menen islesip kete aliwi yag`niy olardi basqara aliw qa`biliyetine iye boliwi shart.

Bul bir ta`repleme quramali texnikani basqariwshi insan sanasi mashqalasin sheshiwde, ekinshi ta`repten psixik turmistin quramali ta`replerin arnawli texnikaliq qurallardan paydalaniw za`ru`riyati bolip esaplanadi. Bu`gingi texnika progresine umtilip atirg`an bir payitta quramali texnika ha`m mashinalar menen islesip atirg`an shaxs xizmetlerin ja`nede bekkemlew ha`m olardin` imkaniyatlarina sa`ykesleniw ma`selesi turipti. Sonin` menen birge ha`r tarawdag`i ka`sipten ken` profilli universal ka`sipke o`tiw mashqalasi alg`a qoyilmaqta. Bulardin` ba`ri esapqa aling`an halda elimizde u`ziliksiz ta`lim sistemasi engizildi. Bunda ma`jbu`riy ta`lim esaplang`an 9-jilliq uliwma orta ta`lim tu`rine ayiriqsha itibar qaratilg`an. 9-klass pitkeriwshisin ka`sip-o`nerge bag`darlawda birinshi Prezidentimiz I.A.Karimov pedagog oqitiwshinin` en` awir ha`m parizli waziypasi dep atap ko`rsetti. Bul waziypalar mektep ja`ma`a`ti ha`m ata-analar menen birge islesiwinde oqiwshilardi ka`sip-o`nerge bag`darlaw ha`m psixologiyaliq-pedagogikaliq diagnoz qoyiu oraylari basshilig`inda a`melge asiriladi. Bunda oqiwshilardin` uqipliliqlarin ha`m qa`biliyetin esapqa alg`an halda akademiyaliq litsey yamasa ka`sip-o`ner kolledjlerine belgili bag`dar tan`lawda ja`rdemlesedi. Usi berilgen usinislar tiykarinda oqiwshilar oqiwin akademiyaliq litsey yamasa ka`sip-o`ner kolledjlerinde dawam ettiredi. Bul o`z na`wbetinde qa`biliyetli qa`niygelerdi jetkerip beriwge xizmet etiwi sozsiz. Ja`miyetimizdin` rawajlaniwinda bolsa qa`biliyetli bilimli jaslardin` orni ayiriqsha. Mektep pitkeriwshilerin ka`sipke bag`darlaw protsessinde oqiwshilardin individual-tipologiyaliq o`zgesheliklerin, sezimlerin, uqiplilig`in esapqa aliw menen jaslardi pa`n tiykarlari ha`m psixologiyaliq bilimler menen qurallandiriw, olardin` ka`sip-

o`ner tan`lag`an qa`niygeligi aldina qoyilatug`in psixogrammaliq, professiogrammaliq talaplarga beyimlesiuine imkan jaratadi. Sonda g`ana ka`sip iyesi toskinliqlardi oz bilimi ha`m qa`biliyeti menen jenip otip, is jurgizip ketiuine erisedi. Usig`an baylanisli birinshi Prezidentimiz bilay degen edi: «Jaslardi belgili bir qa`niygelikke iye etiu, olarg`a jollama bag`dar beriw menen biz olardin` o`mirden oz ornin` tabiwina erisemiz. O`mirde mu`na`sip ornin` iyelegen ha`r bir adam o`mir boyi sho`lkemlestiriushilik xizmeti menen mashgul boladi. Bul og`ada a`hmiyetli sotsialliq siyasiy a`hmiyetke iye bolg`an ma`selelerdin` biri bolip esaplanadi».

Bu`gingi ku`nde ma`mleketimizde a`melge asirilip atirg`an ta`lim siyasatinin` a`hmiyetli ma`selelerinin` biri jas a`wladti ha`r ta`repleme jetik insan etip ta`rbiyalaw. Bul insannin` o`zine mu`na`sip ka`sip-o`nerdi iyeleui menen ja`miyettin rawajlaniwi ushin xizmet ko`rsetiuin oz ishine aladi. Jetiklikke umtiliw shaxstin` ka`siplik qa`liplesiui menen birge bir o`mir dawam etetug`in quramali protsess bolip esaplanadi. Sonliqtan, respublikamiz hu`kimeti qarar ha`m Nizamlarda qa`niygeli kadrlar tayarlaw ma`selesine u`lken a`hmiyet bermekte. «Kadrlar tayarlaw milliy dastu`ri»nde ko`rsetip o`tilgenin`dey, miynet ha`m ka`siplik tayarliq sipatlarin ja`nede jaqsilaw, u`ziliksiz ta`limnin` aktiv metodlarin qollaniw, jan`a pedagogikaliq texnologiyani a`meliyatka engiziu, ta`lim-ta`rbiya birligi printsipin a`melge asiriw lazim.

Bizge belgili mektepte oqiwshilardi ka`sip-o`nerge bag`darlaw ha`m psixologiyaliq-pedagogikaliq diagnoz isin a`melge asiriwda da`slepki qa`demler baslandi. Bul jumislar mektep oqiwshilarinin` ka`sip-o`nerge bolg`an qizig`iwshiliq, uqiplilig`in aniqlaw menen shug`illanatug`in mektep a`meliyatshi psixologi ta`repinen a`melge asirilmakta. Degen menen bu`gingi ku`nde mektep oqiwshilarinin` ha`mmesi ka`sip tan`lawga kelgende tuwri jol tutadi dep bolmaydi. Sonliqtan mektep a`meliyatshi psixologi oqiwshilardi ka`sipke bag`darlawdi tuwri a`melge asiriwi, olardin` sanali ka`sip tan`lawina ja`rdem beriwi lazim.

**Izertlew maqseti**- Joqari klass oqiwshilari menen alip barilatug`in ka`sipke bag`darlawshi korrektsiyaliq rawajlandiriwshi jumislardi u’yreniw.

**Izertlew waziypalari:**

-izertlew mashqalasi boyinsha psixologiyaliq a`debiyatlardi analiz qiliw;

-ka`sipke bag`darlaw boyinsha alip barilatug`in diagnostikaliq korrektsialyaq ha`m konsul`tativ jumislar menen tanisiw

- ka`sipke bag`darlaw boyinsha rawajlandiriwshi metodlardi u`yreniw;

-psixologiyaliq juwmaqlar beriw.

**Izertlew predmeti-** Joqari klass oqiwshilari menen alip barilatug`in ka`sipke bag`darlawshi korrektsiyaliq rawajlandiriwshi jumislar.

**Izertlew ob`ekti-** Ospirimlik jasi (orta mekteptin 7-8-9 klass oqiwshilari).

**Izertlew gipotezasi:**

- oqiwshilardin' ka'sip tan'lawdag'i qiyinshiliqlari mektep psixologinin' ka`sipke bag`darlaw jumislarinda tiyisli psixologiyaliq, diagnostikaliq ha`m korrektsiyaliq jumislardi duris jolg`a qoymawi, ata-analarinin` o`z perzentinin` bul jag`dayda oqiwina, qaysi ka`sipke qizig`iwin itibarga almawi tiykarg`i faktor esaplanadi, egerde, mektep psixologi ka`sipke bag`darlaniw jumislarin duris sho`lkemlestirse, rawajlandiriwshi metodlardan paydalansa, ata-analari o'z perzentinin` ka`sipke qizig`iwshilig`in itibarga alsa ka`sip tan`lawi aytarliqtay darejede jaqsilanadi ha`m rawajlanadi.

**Izertlew jumisimizda qollanatug'in metod ha'm metodikalar:**

- baqlaw;
- sa'wbet;
- Shaxs tipleri ha'm oldarga mas ka'siplerdi aniqlaw. (Xolland metodikasi);
- Oqiw predmetlerine meyillikti aniqlaw repertuar tablitsasi;
- Joqari klass oqiwshilari menen alip barilatug'in ka'sipge bag'darlawshi korreksion-rawajlandiriwshi shinig'iwlar.

**İlimiy jumısımızdın` metodologiyalıq tiykarları:** psixologiyada sana ha`m xızmettin` birligi printsipi, jergilikli ha`m shet el psixolog alımlarının` ka'sip tan'law ha'm ka'sipke bag'darlaw, onın` o`zgeshelikleri haqqındag`ı ta`liymatları, birinshi Prezidentimiz İ.A.Karimovtın` shıg`armaları, «Ta`lim haqqında»g`ı

Nızam, «Kadrlar tayarlaw milliy da`stu`ri» ha`m t.b. ma`mleket hu`jjetleri tiykar qılıp alındı.

**İlmiy jumıstın` teoriyalıq a`hmiyeti:** pitkeriw qa`niygelik jumıstan keltirilgen mag`lıwmatlar psixologiyanın` jas ayırmashılıq psixologiyası, balalar psixologiyası, pedagogikalıq psixologiya, sotsial psixologiya, joqarı mektep psixologiyası ha`m t.b. pa`nlerin teoriyalıq mag`lıwmat penen tolıqtıradı.

**İzertlew jumısının` a`meliy a`hmiyeti:**

İzertlew na`tiyjelerinen alıng`an mag`lıwmatlardı ta`lim mekemelerinin` a`meliyatında qollaw, ta`lim protsesinde talabalardın` ta`lim orınlarına, ja`miyetke beyimlesiwine, ja`miyetlesiwine ja`rdemlesiwine ken` imkan beredi.

İzertlew jumısımız tiykarınan u`sh bo`limnen turadı. Yag`nıy,

Kirisiw, ilimiy teoriyalıq bo`lim. Ol 4 paragraftan ibarat.

İlimiy a`meliy bo`lim. Ol 3 paragraftan ibarat.

Juwmaqlaw. A`debiyatlar dizimi

## 1-BAP. JOQARI KLASS OQIWSHILARIN KA`SIPKE BAG`DARLAW MASHQALASININ` PSIXOLOGIYADA U`YRENILIWI.

### 1.1. Joqari klass oqiwshilarinin' psixologiyaliq o'zgeshelikleri.

U'lken mektep jasi, yamasa erte jasliq balalardin' 15 – 16 jas aralig'in o'z ishine aladi. Bul jastin' aqirinda oqiwshi o'z betinshe turmisti baslaw, joqari oqiw orninda oqiw yamasa mektepti pitkergennen keyin o'ndiriste islew ushin ideyaliq ha'm psixikaliq jaqtan jetkilikli da'rejede er jetedi.

Joqari mektep jasi – shaxstin' belgili da'rejede qa'liplesiwi, o'zinin' sotsialliq jag'dayin belgilewi, ja'miyetlik turmisqa aktiv aralasiw, ruwhiy sipatlarin qa'liplestiriw da'wiri.

Joqari klass oqiwshilarinda a'dep – ikram, ruwhiyliq sezimler, xarakter belgileri, du'n`yag'a ko'z qarastin' qa'liplese baslawi payda bolatug'in da'wir. Olardin' mekteptegi oqiwshiliq jag'dayi, u'ydegi ha'm ja'miyetlik qatnasindag'i o'zgerislerge sebepshi boladi.

Bul o'zgerislerdin' payda boliwindag'i sheshiwshi ha'm jetekshi faktordin' biri oqiwshinin' xizmet iskerliginin' xarakterinin', o'zgeshelik sipatinin' o'zgeriwi boladi. o'spirimlik jasindag'i oqiwshilardin' xizmet iskerligi negizinen oqiw ha'm oqiwdin' mektep ramkasinda o'tiwi menen sheklenedi. Olardin' ja'miyetlik jumislarg'a qatnasiwi de mektep ishindegi jumislardan onsha ari ketpeydi. Al joqari klass oqiwshilarinda bolsa bul pu'tkilley ken'eyip, en jayip basqasha tu's aladi. Bul da'wirge kelip erte jastag'i qiz ha'm jigitler mekteptin' o'zinde de ha'r tu'rli islerdi sho'lkemlestiriwshi, basqariwshi, olarg'a ruwhlandiriwshi ha'm ta'rbiyalawshi xizmetti de atqaradi ha'm en' a'hmiyetlisi bul jaslar metepten tvsta ja'miyetlik jumislarg'a qatnasa baslaydi. Demek olardin' ja'miyettegi orni az da bolsa o'zgeredi ha'm insanlig'inin', jekeliginin' qa'liplesiwine ta'sir etedi. Ba'l ta'sir so'zsiz jaslardin' ruwhiy sanasindag'i o'zgerislerdi keltirip shig'aradi ha'm o'zinin' ja'miyettegi ornin, rolin belgilep aliwina ja'rdem beredi. Degen menen bul o'zgerisler o'zinen o'zi bolmaydi, al olardi bug'an bag'darlaw, ju'da' qolayli, olarg'a ta'sirshen' adamgershilikli tu'rde basqarip otiriwdi talap etedi. Bul jastag'i qiz ha'm er balalarda en' aldi menen olardag'i o'zin o'zi an'law oyanadi, rawajlana

baslaydi. Bunday psixologiyaliq o'zgerisler ha'r bir jas jigit qizlarimizdin' aniq bir turmisliq o'mirlik maqset ha'm umtiliwlari ko'z qarasinan o'z jeke basinin' o'zinsheliginin' a'dep – ikram psixologiyasi jag'inan bahalaw ha'm oni a'melge asiriwdi ta'n aliw, moyinlaw kerekligine tu'siniwinin', onin' jaslar ushin o'mir talabi, o'mir mu'ta'jligi da'rejesine ko'terile baslawina baylanisli.

Na'tiyjede jaslar o'z psixikaliq o'zgesheligine, onin' unamli, unamsiz ta'replerine, minez-qulqina, o'z qa'lbindegi keshirmelerine, sezim-keyplerine teren' iqlas qizig'iw menen qaray baslaydi, bas qatiradi, oy eliginen o'tkerip, sinap, ban'alawg'a ha'reket etedi. o'zin o'zi an'law, bahalaw bul da'wirde o'mir talabinan, a'tiraptag'i adamlar menen qatnas talabinan, basqalarg'a o'zin salistiriw ha'm olardin' talabina boysiniw, o'z talap ta'sirlerin de basqalarg'a o'tkere aliw talabinan kelip shig'adi. Olarda «men qandayman, basqalar qanday, qanday boliwim sha'rt», «menin' kemshiligim nede, artiqmashilig'im nede» usag'an sorawlarg'a sin ko'z benen qarap baha beriwge umtiliw tendentsiyasi payda boladi. Degen menen adam balasi o'z-o'zine ba'rha'ma duris, da'l ob`ektiv baha berip, o'zin tnjnp otiriwi da qiyin soeliqtan ayirim jaslarg'a o'zlerine duris baha bergeni menen de o'zindegi o'zinshelikler u'stem kelip, o'zin asa ko'termelep jiberiwi, ayirimlari o'zin to'menshik awhalg'a tu'sirip jiberiwi- u'mitsizleniwi de mu'mkin. Bunday jag'dayda olarg'a ja'rdem beriw, duris sheshimge keliwge ma'sla'ha't beriwi sha'rt.

Erte jasliq da'wirinde miynetkeshlik, turaqliliq, qatan'liq, batilliq, jigerlilik gnyde menmenlik qusag'an o'zgeshelikler menen bir qatarda bularg'a da quramliraq bolg'an: pariz, insaniy hu'jdan, o'z qa'dir qimbatin biliw qusag'an sezim o'zgeshelikleri de payda bola baslaydi. Bul qa'siyetler jaslarda bir-birewge ja'rdem, adamgershilik ko'rsetiw, insan qa'lbin tu'siniw, hu'rmet, t.b. uzaqqa bag'darlang'an, keleshekti de oylawdan kelip shig'atug'in o'zgesheliklerdi iyeley aliw niyetleri tuwiladi. Bul niyet-istekler o'z-o'zin ta'rbiyalawg'a itibar beriw, og'an umtiliwg'a ja'rdem etedi, keleshek ideallari tuwiladi. Bul ma'selelerde de u'lkenler jaslardin' ustazi, g'amxori iretinde olar qa'telesse, naduris bag'dar alsa jolg'a salip, ken'es berip, ashiqshasina sa'wbetlesip otiriw orinli.

A'sirese bul jasta a'dep-ikramliq tu'sinik ha'm isenimlerdin' duris payda boliwi u'lken a'hmiyetke iye. Geyde ayirim jaslarimizda ta'rbiyanin' natuwrilig'inan, bala qorshawindag'i ha'm turmis o'mir sharayatindag'i jag'daylardan, ayirim adamlardin' ta'sirinen geypara unamsiz ha'm qa'te tu'sinik isenimlerde payda boliwi, bekkemlenip bariwi da itimal. Ma'selen, a'depsizlik, menmenlik, ayawsizliq ha'tte jawizliq miynetten qashiw, aldaw t.b. o'zgesheliklerge iye jaslardi da ushiratamiz. Ayirim izertlewlerdin' ko'rsetkishleri boyinsha adamshiliq pariz-waziypam, hu'jdan, maqtanish, a'dillik t.b. tu'siniklerdin' mazmunin tek g'ana (tekserip ko'rilgenlerdin'), o'zi g'ana duris juwap bere alg'an. Demek u'yrenip ko'rilgen jaslardin' yariminan ko'bireginde joqaridag'i tu'sinik, isenimler natuwri qa'lipleskenliginen derek beredi. Sonliqtan sem`yada, mektepte jaslarg'a a'dep-ikram, ja'miyetlik ha'm adamgershilik tu'sinik ha'm isenimlerdin' duris qa'liplesiwine, rawajlaniwina ayriqsha kewil bo'liniwi sha'rt.

Bul da'wirde a'sirese eseygenlik sezimi, o'zin an'lay baslaw sezimi o'zgerip baradi. A'sirese o'zinin' erjetkenligin ko'rsetiw brsim keledi. Qanday formada bolsa da o'zine diqqatawdariw, basqalardan ayirilip ko'rinip bariwg'a umtiliw, modag'a beriliw, o'zin ko'rsetiwde biz ushin jat qiliq, peshelerdi de o'zine sin'dirip basqalardan o'zgeshelenip ko'zge tu'siwge de tirisadi. Sonliqtan jaslardin' ja'ma'a'tleri, qatar-qurbilari, olardin' qanday na'rselerge eliklewine u'lken ta'sir ko'rsetedi. Esirese olar arasinda bir-birine baha beriw, minezlemeler jaziw, o'z-ara taliqlaw o'tkerip bariw ju'da' a'hmiyetli, qatar-qurbilari menen ioparlardin' ja'ma'a'tlesip ju'rgen joldaslarinin' pikirleri olar ushin u'lgi, pariz bolip tu'yiledi.

Bul da'wirde jaslarda sezimlerdin' bay, teren' boliwi bayqaladi. Atap aytqanda a'dep-ikram sezimleri, ja'miyetlik-siyasiy sezimleri ku'sheyedi, ma'selen joldasliq, dosliq, basqalar menen ha'mda'rlik, su'yiwshilik, berilgenlik, pidayiliq sezimleri olardin' o'mirine kirip keledi. Bul sezimler ju'da' u'lken ha'm ardaqli sezimler bolip, jasliqta bul sezimlerdin' qanday bolg'anlig'i jaslardig' pu'tkil keleshek o'mirine ta'sir etip, teren' saqlanip qaladi. Biraq bul sezimlerdin' ma'nisi

ha’m a’hmia’etine duris tu’sinip, teren’ keshirmeler da’rejesinde basinan keshirse g’ana olar ku’shli ha’m umitilmas iz qaldiradi. Atap aytqanda olarda «joldas, dos, su’ygenim, su’yemen, hu’rmetleymen» sezimleri mazmuni jag’inan, duris qa’liplesiwi, a’sirese joldas, dos, qatar-qurbiliqtan bir-birin su’yip qaliw (er ha’m qiz balalar arasinda) sezimleri ju’da’ ku’shli ta’sir etedi. Bul sezimlerine ziyan keltiriw ju’da’ qa’wipli, kerisinshe bul sezimler taza, pa’k niyetler menen ushlassa ol jaslar kelesheginde u’lken a’diwli orindi iyeleydi. Sonliqtan bul ma’selede de oqitiwshilar ja’rdem beriw, o’z sezimlerin sinap ko’riwge u’yretiw jaqsi na’tiyjelerge alip keledi.

Jaslar o’mirinde estatikaliq jaqtan sezimleri de oyanadi. A’tirapti go’zzalliq, adamlardag’i go’zzalliq, a’sirese adam qarim-qatnasi, adamgershilik go’zzallig’ina itibar beriw, olardin’ iskusstvo tu’rlerine itibar berip, olar haqqinda tu’sinik ha’m isenimlerge iye boliwina jol joba ko’rsetiw, adam qa’lbinin’ na’zik ta’replerin rawajlandiriwi a’hmiyetli. Bunin’ ushin muzey, teatr, ta’biyatqa ekskursiyalar, ayirim ma’seleler boyinsha taliqlaw-tartislar alip bariw islerin jolg’a qoyiw da’rkar.

Ertejasliq da’wirindegi oqiwshilardin’ oqiw ha’m aqil iskerliginde ha’m olardin’ rawajlanip o’zgeriwinde de o’spirim jasina qarag’anda anag’urlim o’zlerine ta’nlik o’zgesheliklerdi bayqawg’a boladi.

Joqari klasslarda o’tiletug’in pa’nler jaslardan teoriyaliq oylay aliwdi, mug’allim ta’repinen tayar tu’rde tu’sindirilgen fakt tu’siniklerdi solayinsha este alip qalip, sabaqliqtan oqip juwap beriw jetkiliksiz esaplag’anda, a’sirese ha’zirgi ilimiy faktler olardi izertlew,oylap ko’riw arqali o’zlestiriwdi talap etedi. Olar ko’binshe baladag’i o’z betinshe islew ko’nligiwlerinin’ qandaylig’ina qarap o’zlestiriledi. Bilimlerdi o’z betinshe taliqlap tu’siniwge umtiliw jaslarg’a negizgi talap iretinde qoyilip otirsa g’ana olar bug’an u’yrenip baradi. Usinin’ menen birge bul jasta oqiw predmetlerin tan’lap, o’z qiziqqanlarina ko’birek itibar bere baslaydi, bul so’zsiz predmettin’ kim ha’m qanday da’rejede oqitilg’anina baylanisli bolsa, ekinshi jag’inan keleshektegi ka’sip bag’darina, ka’siplik qizig’iwina da baylanisli. Bul bag’darda oqitiwshilar oqiwshilardin’ jeke

o'zgeshelikleri, uqip da'rejesine (ha'r bir predmetke) qarap ha'reket etiwi de esten shiqpag'an maqul, biraq basqa predmetlerge bolg'an qatnasin to'menletiw joli menen emes, al qosimsha tapsirmalar, krujok, o'zinshe islewge tartiw t.b. arqali erisiw a'hmiyetli.

Ertejasliq da'wiri keleshekte kim boliw, qanday ka'sipti tan'law, o'zinin' o'mir jolinan bag'darin aniqlap aliwg'a oylana baslaydi. Bul ju'da' jaqsi, sonliqtan joqari klass oqiwshilarina ka'sip tan'law ne ushin kerek, ka'sipti qalay tan'lawg'a boladi, ka'sip degenimiz ne, qanday ka'sipler bar ha'm olar adamlardan qanday uqip ha'm bilimlerdi talap etetug'inin ko'z aldina keltire alatug'in bolsa g'ana og'an erisetug'inin tu'sindiriw sha'rt. Mektepte ka'sipke tayarlaw boyinsha ko'p basqishli ha'm ju'da' ha'r tu'rli jumis formalarin a'melge asirip bariw talap etiledi. Bunin' ushin ka'sip nege kerek, qanday ka'sipler boladi ha'm olardin' ha'r qaysisi bir-birinen qalay ayriladi, baladan qanday sipat-ko'nikpelerdi talap etetug'ini haqqinda ha'r bir pa'n mug'allimi sabaqta tu'sindirip bariwi sha'rt.

Qanday ka'sipler bar, olardin' sipatlamasin tu'sindirip bariw profkonsul`tatsiya jumislarin ha'r tu'rli ka'sip iynlerin mektepke shaqirip ushirasiw, olardin' o'z ka'sipleri haqqindag'i sa'wbetlerin tin'lap ko'riw tu'ride: proforientatsiya-ka'sipke bag'darlaw-ka'sipke bag'darlaw kabinetlerin du'ziw, olardi ka'sipke shaqiriwshi, ka'sipke tu'sindiriwshi jumislardi ju'rgiziw arqali a'melge asiriladi; professional`naya podgotovka- ka'sipke tayarlaw jumisi ha'r bir pa'n kabinetinde sho'lkemlestiriledi; agitatsiya- u'git-na'siyat materiallari beriledi, arnawli sabaqlar o'tiw joli menen boladi; vibor professii- ka'sip tan'law- ka'sipti tan'law sheshimi jo'ninde bumis alip bariw; ka'sipke jaramliliq, beyimlikti tekseriw jumislari alip bariladi. Ha'zirgi ku'nlerge shekem mekteplerimizde jo'nli a'melge asirilmay atirg'anlig'inan ko'pshilik jaslar geyde ka'sipti duris tan'lay almay, ha'r tu'rli ta'sirlerge berilip qaysi ka'sip dus kelse sog'an kiredi, soni tan'laydi. Bul pu'tkilley natuwri. Sonliqtan jaslar arasinda bul jumisti jan'alandiriw aldi menen mug'allimlerdin', ata-analardin' qala berdi o'ndiris orinlarinin' mekeme basshilari menen xizmetkerlerinin' de a'diwli waziypasi, parizi bolip esaplaniwi ma'selesin sheshiwge a'hmiyet berilse eken deymiz.

Sonda g’ana ha’r bir ja’miyet, ha’r bir ma’mleket haqiyqiy- shin ma’niste o’z kadrlarina is bilermen, o’z ka’sibine berilgen kadrlarg’a iye boladi. Bul ma’seleni ha’r bir adam ha’r bir ja’ma’a’t umitpawi, ol boyinsha aktiv jumislar ju’rgiziwi kerek.

## 1.2. Oqiwshilardi ka`sipke bag`darlaw mashqalasinin` alimlar ta`repinen u`yreniliwi.

Ka`sip tan`law-bul ha`r bir adamnin` o`mirge qa`dem taslawinda en` quramali ha`m juwapkershilikli payiti esaplanadi. Sebebi ka`sip onin` keleshek tagdirin belgilep beredi. Ka`sipti tuwri tan`law-bul o`mirden oz ornin tabiw bolsa, al natuwri tan`law onin` baxitsiz sanaliwina sebepshi boliwi mu`mkin. Usi sebepli ja`miyette ka`sipke bag`darlaniwshiliq za`ru`rliligi erteden-ak tuuildi.

1903-jili Frantsiyanin` Strasburg qalasinda ka`sipke bag`darlaw kabineti birinshilerden bolip ashildi. 1908-jilg`a kelip AKShda Boston qalasinda o`spirimlerge o`zinin` miynet jolin tan`lawga ja`rdem beriwshi «Jaslardi ka`sipke bag`darlaw byuro»si oz isin basladi. Bul byuro xizmeti ka`sip-o`nerge bag`darlaw islerinin` tiykari sipatinda qabil etilgen. Son`inan usi turdegi byuro N`yu-yorkda da sho`lkemlestirilgen. Onin` waziypalari qatarina insanlardin ka`sip iyeleuinde qoyilatug`in talaplar, mektep oqiwshilarinin` qa`biliyetlerin teren`nen u`yreniw kirgen. Byuro oz jumisin okiwshilar menen birgelikte test ha`m anketalardan paydalang`an halda alip barg`an. Usi da`wirde Angliyada Wa`zirlik ruxsati menen 17 jastan kishi bolg`an oqiwshilardin ka`sip tan`lawina ma`sla`ha`t yaki kobinese a`meliy ha`rakterdegi magliwmatlar menen ja`rdem ko`rsetiushi mekemeler ashiw jolg`a qoyilg`an. Bul jerde 1911-jilda miynet birjalari ha`mde ta`lim mekemeleri birge islesiudi muwapiqlastiriwshi arnawli «Xabarnama» baspadan shig`ariw jolg`a qoyilg`an.

Rossiyada bolsa, bul ma`selege 21-asirdin` da`slepki jillarinda itibar qaratilg`an. Moskvadag`i oqiwshilar u`yinin` Pedagogika muzeyinde ha`r tu`rli tildegi mekteplerde oqiwshilardin ka`sip tan`lawina tiyisli bolg`an bir qatar izleniwler alip barilg`an. Bunda tiykarg`i itibar ma`mlekette qaysi ka`sip tu`rine za`ru`rliktin bar ekenligi, olardi tan`lawda oqiwshilardin kanday o`lshemlerge tiykarlaniwin u`yreniwge qaratilg`an edi. 1927-jilda Leningradta sho`lkemlestirilgen «Ka`siplik maslaxat byuro»sinda a`meliy izertlewler menen birgelikte ilimiy izertlewler de alip barilg`an. Rossiyada ka`sipke bag`darlaw islerinin` ilimiy-pedagogikaliq tiykarlarin islep shig`iwga P.P.Balonskiy,

A.S.Makarenko siyaqli ataqli rus alimlari o`zinin` u`lesin qosqan. Olar oqiwshilardi ka`sipke bag`darlaw islerinin` psixologiyaliq-pedagogikaliq tiykarlarin jaratip berdi. Miynet ha`m ka`siplik tayarliq dizimi tikkeley jaslardin miynet ha`m ka`sip ta`rbiyasin, bilimin, ka`siplik xabarlar, tusinikler, ka`sip tan`law, ka`sipke bag`darlaw islerin a`melge asiratug`in u`lken islerde tiykarg`i qollanbalardan bolip kelmekte. Bunnan basqa O.Ya.Pol`skaya, K.K.Plotonov, E.A.Klimov, K.M.Gureevich, I.M.Kondakovlar, qizig`iwshiliqlar boyinsha N.D.Levitov, M.F.Belyaev, L.A.Gordon, L.I.Bojoviyaler o`zinin` u`lesin qosqan. Misali: O.Ya.Pol`skaya ta`repinen klass ja`ma`a`tinin` oqiw predmetlerine, oqiwdan tisqari qizig`iwshiliqlarga ha`m de ka`siplik tarawga bolg`an qizig`iwshiliqlarin aniqlawshi metodikalardi qayta islep shiqti. Al, K.K.Platonov ta`repinen «Ka`sip tan`lawg`a bag`darlaw u`sh mu`yeshligi» dep atalg`an sxema jaratildi. E.A.Klimov ka`sip qalay tan`laniwi kerek ekenligi haqqinda, iskerliktin` nerv sistemasi menen baylanislilig`i haqqinda is alip barg`an. Ol ka`siplerdin` o`zgesheliklerine qaray otirip ka`sip tu`rlerin klassifikatsiyalag`an birden-bir alim esaplanadi. Bul boyinsha alip barilg`an izleniwlerdi K.M.Gureevich xizmetinde de ko`riwimizge boladi. Ol barliq ka`sip tu`rlerin jamlegen halda u`lken eki toparga bolip, ka`sipke jaramliliq ha`m nerv sistemanin` tiykarg`i o`zgesheligi boyinsha is alip barg`an. I.M.Kondakov 1997-jilda bir neshe basqishta ilimiy izertlewler alip barg`an alim. Ol oqiwshilarga tan bolg`an en a`hmiyetli ka`siplik ustanovkalar dizimin islep shiqti.

1990-jilg`a kelip, Frantsiyada mektep psixologiyaliq xizmeti sho`lkemlestirildi. Bunda pedagog psixologlardin` waziypalari aniqlap berilgen bolip, olar shaxstin` ha`r ta`repleme rawajlaniwi ushin kolinan keletug`in barliq islerdi islegen. Eger, pedagog-psixolog maqul ko`rse, mektep ha`m shan`araq ta`rbiyasina qarsi shig`iwi mu`mkin ekenligi de atap o`tilgen.

Ko`pshilik Shig`is Evropa ma`mleketlerinde mektep psixologiyaliq xizmeti rayon yamasa wa`layat psixologiyaliq-pedagogikaliq oraylari formasinda sho`lkemlesken. Misali: 1980-jilda Chexoslavakiyada ta`rbiya ma`seleleri boyinsha stat`ya mektep haqqindag`i nizamg`a kirgizilgen. Psixologiyaliq

xizmettin` tiykarg`i mazmuninin` biri - bul ka`sip tan`law mashqalasi esaplang`an. Sonliqtan, mektep psixologinin` tiykarg`i waziypasi psixodiagnostikaliq xizmetti qurag`an.

Sovet da`wirine kelip, psixologiyadan paydalaniw boyinsha ha`reketler pedalogiya a`tirapinda ju`zege keldi. Pedalogiya - bul rawajlanip atirg`an ha`m o`sip atirg`an shaxstin` barliq biologiyaliq ha`m sotsialliq o`zgesheliklerin oz ishine aliwshi pa`n. 1936-jilda pedalogiyaliq qaraslardi toqtatiw haqqinda qarar qabillang`an, sonin` menen birge rus psixologlari a`melge asirip atirg`an izleniwler de toqtatilg`an. Tek g`ana 60-jillardin aqirina kelip psixologlardin mektep isinde a`meliy qatnasiui qayta tiklendi.

Rossiyada 1982-jilg`a kelip, mekteplerde psixolog shtati ashilg`an. I.V.Dubrovina psixologiyaliq xizmettin rawajlaniwina u`lken u`les qosqan, ol usi boyinsha doktorliq dissertatsiyasin jaklag`an.

1989-jilda O`zbekstanda a`meliyatshi psixologlar jetispeushiligi sebepli Nizamiy atindag`i TDPUde a`meliyatshi psixologlar tayarlaw fakul`teti ashildi. Sonday-ak, 1996-jilg`a kelip haliq ta`limi Wa`ziri J.G.Ywldashev ta`repinen «Psixologiyaliq xizmet haqqindag`i» nizam tastiyiklandi. Respublikamizda psixologiyaliq xizmettin rawajlaniwina M.G.Davletshin, E.G.Goziev, M.Voxidov, B.R.Kodirov, G.B.Shoumarov, V.M.Karimova ha`m t.b oz u`leslerin kosti. Solardan, Qodirov K.B «Ka`sip tan`lawga tayarliqtin psixologiyaliq ta`repleri ha`m ka`siplik diagnoz» atamasinda kandidatliq dissertatsiya jumisin jakladi.

## 1.3. Oqiwshilardi ka`sipke bag`darlaw xizmetinin` mektep a`meliyatina engiziliwi.

Ka`sip-bul ilimiy tu`sinik bolip, ol o`zinde ka`siplik fenomenlerdin` ozgerislerin saulelendirgen halda ha`m ha`r tu`rli izertlew bag`darlarinin` ka`sip mazmunin` aniqlawdan oz-ara konkurient tiykarindag`i tariyxiy rawajlaniwga iye.Ka`sip mazmunin` aniqlawda ha`r kiyli tusinikler bar:

- ka`siptin` ta`biyatina, birinshi jag`dayda bul materialliq miynettin bo`liniwi bolsa, basqasinda ja`miyetti basqariw ha`m ruwhiy waziypalardi orinlaw boyinsha xizmet;

-qa`niygelestirilgen xizmettin ol yamasa bul iurinin` o`lshemlerinin` ka`sip penen baylanislilig`i, bul materialliq bayliqlardi jaratiu protsessinde qatnasiu yamasa ruwhiy islep shig`ariw protsessinde qatnasiw;

- ka`siptin tiykag`i funktsional maqseti, sotsialliq yamasa birinshi na`wbette islep shig`ariw dastu`rin kanaatlandiriw.

Qandayda bir ka`sip tu`ri menen ba`nt boliw, birinshi na`wbette ha`r bar shaxstin` turmisliq za`ru`rliligin tamiyinlew, onnan son ja`miyet penen oz-ara munasebette boliwdi talap etedi. Ja`nede ka`sip haqqinda «adette uzak dawam etiwshi individtin shinig`iwlari «mashgulat», og`an jasaw ushin karejet za`ru`rligin beriwshi» dep te tariyipleydi. Ka`sip shaxs ta`repinen miynet protsessine kiriu usili, miynet waziypalarin orinlaw ushin za`ru`r paziyletlerdin` jamleniwi bolip esaplanadi. Sonday-ak ka`sip malim bilim ha`m materialliq yamasa ruwhiy islep shig`ariw tarawindag`i jeterli tayarliqti talap etiushi xizmet tu`ri ha`m bul xizmet uakilleri o`zinin` waziypalarin miynettin sotsialliq boliniw sistemasinda natiyjeli orinlawga beyim boladi. Batis mamlekentlerde «ka`sip», «jumis», tusinikleri «occupation» dep, al isti sho`lkemlestiriu formasi, miynet tu`rinin` orientatsiyasi bolsa, «profession» tu`rinde jurgiziledi.

Demek, ka`siplik xizmettin insan o`mirinde a`hmiyeti og`ada ulli. Belgili bir ka`sip tu`rin iyeleude ka`sipti tan`law protsesiinin` tuuri sho`lkemlestiriliui sheshiushi rol oynaydi. Bul protsess mektep pitkeriushileri aldina u`lken juwapkershilik qoyadi. Bul boyinsha mekteplerde ka`sipke bag`darlaw isleri sho`lkemlestirilgen. Bu`gingi ku`nde mekteplerde ka`sipke bag`darlaw isleri reje

tiykarinda alip bariladi. Reje mektep sharayatin esapqa alg`an halda duziledi. Mekteplerde ka`sipke bag`darlaw islerinin` tiykarg`i waziypasi oqiwshilardi tusingen halda ka`sipke bagdaudan ibarat. Mekteplerde ka`siplerge bag`darlaw kenesi duzilip, bul kenes baslig`i mektep direktori ja`rdemshisi bolsa, ruwhiyliq ha`m agartiushiliq isleri boyinsha direktor orinbasari esaplanadi. Agzalari: barliq klass basshilari, predmet oqitiwshilari, mekteptin ka`siplik aukam baslig`i, ata-analar komitetleri basshilari, miynet oqitiwshilari ha`m mektep shipakeri, ka`sip tan`law kenesine ag'za boladi. Ken`es jilliq reje tiykarinda is alip baradi. Mekteptegi ka`sipke bag`darlaw isleri ka`sipler boyinsha magliwmatlear beriw, usinislar beriw ha`rakterinde boliwi kerek. Oqiwshilardi ka`sipke bag`darlaw islerin alip bariwda tiykarinan ush etapka bolgen halda a`melge asiriladi.

1-basqish Baslang`ish klass oqiwshilari (1-4-klass)

2-basqish Oqiwshilardi ka`sipke tayarlaw (5-7-klass)

3-basqish Oqiwshilardi ka`sip tan`lawga tayarlaw (8-9-klass)

7-8-9-klass oqiwshilari arasinda «Men tan`lag`an ka`sip», «Men oz keleshigimdi kanday koz aldima keltiremen?», «Kim ko`p ka`siplerdi biledi?» atamalarinda oz betinshe jumislari tan`lawin o`tkeriwmaqsetke muwapiq boladi. Oqiwshilardi aqa`demiyaliq litsey, ka`sip-o`ner kolledjlerine sayaxatlarga aparadi. Olardag`i ka`sip tu`rleri menen tanistiradi. Islep shig`ariw karxanalarina ekskursiya sho`lkemlestiredi. Ka`sipke bag`darlaw isleri mekteplerde tomendegishe waziypalardi a`melge asiriw arqali alip bariladi.

1) Ka`sipke bag`darlaw boyinsha ha`r kayli kesheler o`tkeriledi. Bunda ka`sipler haqqindag`i magliwmatlar, qa`niygeler ta`repinen beriledi.

2) Ha`r tu`rli uliwmaliq ka`siplerdi diyualli gazeta, radio, televidenie arkali tanistirilip turiliwina a`hmiyet beriw

3) Mektep kitapxanasina ja`rdem beriw, oqiwshilardi ka`sipke bag`darlaw boyinsha a`debiyatlar menen tamiyinleu, kitapxanada ha`r tu`rli ka`sipler boyinsha kitaplar ko`rgizbesin sho`lkemlestiriu

4) Ka`sipke bag`darlaw islerin alip bariwga ata-analardi tartiu

Sonday-ak, ka`sipler boyinsha maslaxat isleri:

1) Oqiwshilardi ka`sipke kiziktiriwdi aniqlaw maksktinde olar menen saubetlesiu, insha jaziu, anketa toltiriw arkali ol yamasa bul ka`sipke bolg`an qizig`iwshilig`in aniqlaw;

2) Oqiwshilardi olimpiada ha`m konkurslarga qatnasiularin alip bariw, olardi ha`r tu`rli dogereklerge qatnasiuina ja`rdem beriw;

3) Oqiwshilardin bilimin tekseriu, ka`sipke qizig`iwshilig`in aniqlaw maqsetinde metod birlespe isinbaklap bariw;

4) Klass basshilarinin` ka`sipke bag`darlaw boyinsha alip barip atirg`an islerin baklap bariw, oqiwshilardin qizig`iwshilig`i, kaleui ha`m uqipliliqlarin esapqa aliw;

5) Klass basshilari, mektep shipakeri, kitapxanashisinin` islerin baklap bariw, oqiwshilardin den-saulig`ina qarap ka`siplik bag`darlamalar beriw ha`m ka`sipler boyinsha usinislar beriw;

6) Pitkeriushi ha`m klasstan-klasska o`tiwshi oqiwshilardi «Usinisnama»sinin` toliq ha`m tuwri toltirilg`anin` tekseriu arkali a`melge asiriladi.

Bizge malim ka`siplik qa`liplesiu protsessi derlik putkil o`mir dawam etedi. Birak ka`sipler haqqindag`i bir kansha anig`irak tusinikler, umtiliwlar, kaleuler erte o`spirimlik da`wirde payda bolip, da`slep bul kaleuler ozgeriushiligi, turaksizlig`i menen ha`rakterlenedi. A`sirese o`spirimlik da`wirdin` aqirina shekem bunday ozgerisler ka`sip tan`lawdin ozgeriushenligi jedel tus aladi. Ka`sip tan`law bul kem-kemnen jakinlasip kiyatirg`an ka`siplik xizmet ushin za`ru`rli bolg`ani ushin, «qaysi ka`sipti tan`lasam eken?», «G`ka`sip tan`lawda kimge isensem boladi, kim mag`an ja`rdem bere aladi?», «bolajak ka`sipti nege tiykarlanip tan`lasam tuuri boladi?» degen sorawlar jaslardin en awir mashqalalarina aylanip kaldi. Haqiyqatinda da bul da`wir arlig`inda jaslar bir neshe ma`rtelep kasibin ozgertedi. Birak ta`jiriybesizligi ka`siplik bilimsizligi sebepli bul kiyaliy ka`siplerdin` ko`pshiligi bolip, ol otkinshi xaueslerden basqa narse bolmaydi.

Anig`in tan aliw kerek, joqarida o`spirimler tilinen ortaga taslag`an sorawlarga ele birde-bir qa`niyge toliq ha`m ha`r ta`repleme real bir juwapti bere

alg`an emes. Sebebi o`spirim jaslardin tek g`ana ka`siplik qizig`iwshiliqlari balkim kandayda bir xizmet tu`rine bolg`an qaraslari ele toliq qa`liplesip ulgermegen bir payitta onin` qaysi bir ka`sipke konkret bolg`an tarizde jaramlilig`in aniqlaw yamasa aldin-ala aytip beriw bul shaxstin` sotsiallasiu prtsessinde ozligin anlawi, o`zin-ozi teren`nen biliui menen birge u`ziliksiz baylanisli bolg`an quramali ha`m ha`r ta`replemeli protsess bolip esaplanadi

Solay bolsa da, mektepte yamasa basqa oqiw orinlarinda xizmet ko`rsetip atirg`an a`meliyatshi psixologlar shaxstin` ka`sipke umtiliwlarinin` qalay ozgerip atirg`an yamas kerisinshe turakliliqlarinan xabardar bolip turiwlari za`ru`r. Ka`sip tan`law protsessi bir neshe basqishlardan otip a`melge asiriladi. Da`slepki basqish optatsiya bolip, ol 6-7-klass oqiwshilarina tuuri keledi. Bunda oqiwshilardin biliu protsessleri xakiykiy uqip penen baylanispag`ani menen xarakterlenedi. Bul da`wirde ka`sip-o`ner tu`rleri ha`m a`hmiyeti haqqinda kenirek magliwmatlar beriw maqsetke muwapiq boladi.

8-9-klasska kelip, oqiwshilardin ka`sipke qizig`iwshiliqlari ko`p narselerde baklanadi. Ka`sip tan`lawda ekileniwlerge ushiraydi, sonliqtan bir neshe ma`rtelep ozgertip turadi. Usi da`wirde jol-joba ko`rsetiu, ka`siplik maslaxatler beriw ustazlardin ha`m ata-analardin waziypasi esaplanadi.

Oqiwshilardin ka`siplik bilimin keneyttiriude mekteptegi ka`sip tan`lawga bag`darlaw sabaklig`in janli o`tkeriliui a`hmiyetli. Misali, ha`rkiyli ka`sipti jumis orinlarinda tanistiriw, sabakka ka`sip iyeleri, alding`ilari qatnastirilip, olar menen soraw-juwaplar o`tkeriw ha`m t.b

Ka`sip tan`law xakiykatinda da a`piuayi jag`day emes. Ha`r bir ka`sip oz iyesi aldina bir qatar talaplardi koyadi. Og`an tiyisli uqip, qa`biliyetlilik soraladi. qa`biliyetsiz adam bolmaydi. Eger bala o`zindegi xakiykiy uqipliliqti baykamastan basqa ka`sipti tan`lag`an bolsi tabiyiy turde ol a`tiraptag`ilarga uqipsiz, qa`biliyetsiz bolip korinedi. Sonliqtan qa`biliyetlilikti oz uaktinda aniqlaw za`ru`r.

Mektep psixologinin` ka`sip tan`lawda esapqa alatug`in a`hmiyetli ta`repi bul ka`sipler jiynag`in islep shig`iw, ha`r bir ka`siptin psixologiyaliq, sotsialliq-ekonomikaliq, texnikaliq jaktana`hmiyetli ta`replerin aship beriwden ibarat. Ka`sip

tan`lawdin sheshiushi basqishina kelip oqiwshilardin qizig`iwshiliqlar shegarasi tarayadi, ka`siplik bag`dar qa`liplesken boladi ha`m ol belgili bir ka`sipti tan`law menen juumaklanadi.

Shaxstin` qa`liplesiuindegi en a`hmiyetli da`wirlerdin` biri bul o`spirimlik da`wiri bolip esaplanadi. Bul da`wir balaliqtan u`lkenlikke o`tiw da`wiri sipatinda ha`r dayim kiyin da`wir esaplanadi ha`m usi sebepli ha`r dayim psixolog ha`m sotsiologiyaliq diqqat orayinda bolip kelgen. Bul jastag`i krizis kishi jastag`i krizisten a`hmiyetli darejede parik etedi. Bul da`wirdegi krizis en uzak dawam etiui en kushli ha`m keskinligi menen pariklanadi. Bunday ozgerisler balanin` 5-9-klasslarinda oqiw payitina tuuri keledi ha`m 11-12 jastan 14-15 jaska shekemgi da`wir aralig`inda boladi. Ayirim balalarda o`spirimlik da`wiri 1-2 jil erterek yamasa keshirek baklaniwi mu`mkin. Bul da`wir ul balarga qarag`anda kizlarda 1-2 jil aldin baslanadi. Bul basqish dawaminda balanin` o`zine ha`m a`tirapindag`ilarga bolg`an munasebeti tupten ozgeredi ha`m qayta kuriladi, turmisliq pozitsiyasi qa`liplesedi. Balani u`lkenler a`meline kirip bariwi birden juz beretug`in xadiyse emes, balkim uzak dawam etetug`in protsess esaplanadi. Bunda baladan biologiyaliq, psixologiyaliq ha`m sotsial ta`repten jetilisiudi talap etedi.

O`spirimlik da`wiri tek g`ana balanin` ozi ushin, balkim onin` menen qatnasqa kiriushiler ushinda awir da`wir. Ko`p jag`daylarda ata-ananin` 10-11 jasqa shekem og`an boysiniwshan, keuilshen balasinin` birden kaysar, agressiv bazi jag`daylarda u`ndemes bolip kalg`anin tusine almaydi. Ko`pshilik jag`daylarda o`spirimler menen u`lkenler ortasinda kelip shigatug`in kelispewshiliklerine onin` jas da`wirine tan o`zgesheligin esapqa almawi yamasa uliwma bilmeui sebep boladi. O`spirimlik da`wirdin` awir, quramali da`wir ekenligi ko`plegen fiziologiyaliq, psixologiyaliq sotsialliq faktorlar menen baylanisli. Bul jasta balalar organizminin` endokrin sistemasi jaqsi islewi natiyjesinde zat almasiwi, ishki organizmde ha`m denenin` rawajlaniw aktivlesedi. Boyinin` o`siwi, salmag`inin` artiui, kokirek kletkasinin` keneyiui, fizikaliq rawajlaniwinin` o`spirimlik jasina tan o`zgeshelikleri esaplanadi. ha`r tu`rli org`an ha`m tokimalardin osiui jurek xizmetinin` sharshauina sebep boladi.

O`spirimlik da`wirinde balanin` sotsialliq munasebetlerinde de dun`yaqarasinda da keskin ozgerisler juz beredi. Bul da`wirge kelip onin` kadriyatlari da ozgeredi. Burin onin` ushin kadirli bolg`an narseleri endi a`hmiyetin jogaltadi. Bala burin ozi ushin kizikli bolg`an shinig`iwina uliwma biyparik bolip kaliwi yamasa kerisinshe basqa shinig`iwlarga kizig`ip kaliwi mu`mkin.

Bul da`wirge kelip o`spirimnin` intellektual imkaniyatlari osedi, dun`yaqaraslar keneyedi, janadan qizig`iwlar payda boladi. Onda turmisliq baylanislar kolemin keneytiuge za`ru`rlik tuuiladi, tenlesleri menen kobirek qatnasta bola baslaydi. Da`slep ata-ana son pa`n oqitiwshisin ha`r dayim xak dep esaplag`an bala o`spirimlik da`wirine o`tkennen keyin tenleslerinin` pikirin, ata-anasinin` pikirine qarag`anda a`hmiyetli dep esaplaydi.

Bunday analizleu sabak protsessinde a`melge asiriladi. Oqiwshi ha`r bir sabakta o`tilgen materialdin tiykarg`i manisine, insan xizmeti ushin za`ru`rliligine itibar qaratadi. Bazida ta`lim protsessinde oqiwshilar u`yrenip atirg`an oqiw materiallarga qarsi shigadi. Usinday payitta oqiwshilar olardi qaralaydi, bul o`spirimlerdin` xadiyselerdi dalilleu ta`repinen ja`ne de bekkemlestiredi. Joqari klass oqiwshilari akiliy xizmetin onimli paydalaniw texnikasi ha`m metodikasi menen jeterli darejede qurallang`an boladi.

Sonday-ak, oylaw xizmetinde erkin ha`reket etiudin` joklig`i, pas boliwi joqari klass oqiwshilarinin` en a`hmiyetli kemshiliklerinin` biri bolip esaplanadi. Olar bazida pikir jurgiziuge erinip sabakliq ha`m qollanbalarda bayan etilgen materiallardi ozgerissiz tayar turde iyeleuge umtiladi. o`spirimnin` ja`ne bir ha`rakterli o`zgesheligi, bul onin` ozlestirip atirg`an oqiw materiallarin abstraktsiyalaw ha`m uliwmalastiriw imkaniyatina iye boliwi esaplanadi. Mine usi tarizde pikir jurgiziui arkali oqiwshilarda teoriyaliq oylaw ju`zege keledi. Bilimnin` keneyiui oqiwga bolg`an qizig`iwshilig`in rawajlandiradi.

Joqari klass oqiwshilarinin` erkin pikirleu ta`jiriybelerin iyeleu, erkin akiliy miynet texnikasi ha`m metodlari menen quralg`ani, erkin bilim aliwi ushin ken imkaniyat jaratadi. Pikir juritiudin` kritikalilig`i-o`spirimnin` ruwxiyatina tan

belgilerdin` biri bolip sanaladi. a`tirap ortaliqka, narse ha`m predmetlerge, insan is-ha`reketlerine, o`z-o`zine kritikaliq munasebette boladi. Birak, turakli kesin pikir bildiriu tajtrtybesinin` kemligi, uliwma insaniy madeniyat seziminin` pasligi, tezlik penen akildan paydalana almasliq sebepli ko`binese kritikaliq ta`repleri ju`zege shiga bermeydi.

Ka`sip tan`lawda joqari klass oqiwshilarinin` este saklawi u`lken a`hmiyetke iye. Bunda este saklawdin erkin ha`m erkin bolmag`an tu`rleri onin` mu`ddetine qarap, uzak mu`ddetli, qisqa mu`ddetli, operativ tu`rleri, ko`rgizbeli-obrazli, soz-logikaliq, abstrakt ha`reketli tu`rleri esapqa alinadi. Oqiw materiallarinan ha`r tu`rligi este saklawdi o`tkirlestiredi, oni rawajlandiradi. Sebebi ka`sip-o`nerdin` de ha`r tu`rliligi bolip, olar este saklawdin o`tkirliligin talap etedi. Este saklawdin barliq tu`rleri ka`sip-o`ner qa`niygelik tu`rlerin tan`lawda ha`r tu`rli ka`sipler haqqindag`i magliwmatlardi ozlestiriude u`lken a`hmiyetke iye. Akiliy miynet penen shug`illaniwshilardin este saklawi kushli boliwi kerek.

Sonday-ak, janaliq jaratiuga umtilg`an ha`r kanday shaxs ushin kiyal a`hmiyetli rol atqaradi. Oqiwshilardi arziu-arman etpesten, kiyal surmesten, oylanbastan turmaydi. Bul olardag`i kiyaldi, kiyaliy oylawdi ju`zege keltiredi.

Joqari klass oqiwshilarinin` ka`sip tan`lawinda onin` minez-qulqi, temperamenti, qa`biliyeti de nazerge alinadi. Temperament shaxstin` ruwhiy qa`biliyeti bolip, bul shaxstag`i ruwhiy protsesstin xizmetinin` ju`zege keliui, onin` din`amikasin belgilep beredi. Biraq psixikaliq xizmet dinamikasi temperamentke emes balkim jeke sebeplerge ha`m shaxstin` ruwhiy jag`dayina baylanisli boladi. Sonliqtan onin` temperamentine qaramastan juwapkershilik sezimin sezinse o`zinin` qa`biliyetinde g`ayrat penen is alip baradi, eger kasibin jaktirmasa kerisinshe is qa`biliyeti paseyedi. Temperament insannin` fiziologiyasinda nerv sistemasi onin` xizmeti nizamliqlarin kuraydi. Olar 4 turge bolinedi: sangvinik, flegmatik, melanxolik, xolerik.

Temperament shaxstin` din`yaqarasin, qizig`iwlarin ko`rsetip beriwshi belgi bola almaydi. Psixologiyada oni ekstrovert ha`m introvert tipleri kobinese

qollaniladi. Sog`an qaramastan oqiwshilardi ka`sipke bag`darlaw protsessinde temperamenttin de psixologiyaliq ta`repi beriledi. Olar tomendegishe boladi.

1. Sangvinik-ju`da` aktiv, mimikani ko`p isletedi, juzine qarap keypiyatin an`law kiyin emes. Ju`da` sezgir boliwina qaramastan kushsiz tasirlerdi seze almaydi. Gayratli, isshen, sharshamas aktivlik penen reaktivlik munasebetti, tensalmakliqta tartipli o`zin uslay aladi, basqara aladi. Janaliqti tez anlawshi, tapkik, qizig`iwlari, keypiyati, umtiliwlari ozgeriushen. Konlikpe ha`m ta`jiriybelerdi tez iyeleydi. qatnaska kirisiushen. Kiyali joqari darejede rawajlang`an, sirtki tasirlerge tez juwap qaytaradi.

2. Flegmatik- senzitivligi pas. Sezimleri ozgeriushen birak oni kuldiriu, ashiwin shig`ariw, keypiyatin buziu kiyin. Keuilsiz xadise, kauip-kater haqqindag`i xabarga biyparualiq munasebette boladi. Awir salmakli, kem ha`reket. Mimiqalari kozge aniq taslanadi. Birak gayratli isshen, aktiv, shidamli. Soyleui ha`m ha`reketi pas. Diqqatin aste toplaydi. Regid. Diqqatti koshiriui kiyin. Introvertleskeng. Janaliqti qabillaw kiyin. Sirtki tasirge aste juwap beredi.

3. Melanxolik- senzitivligi joqari. Seziu shegarasi ken emes. Okpelegish. Aste jilaydi, kem kuledi. Tartinshak. Gayratsiz. Keskinligi, erkinligi kem. Tez sharshaydi. Artiksha isshen emes. Diqqati turaksiz. Sezimleri aste ozgeredi. Katip kalg`an. Introvertlesken.

4. Xolerik- pas senzitivlik kasiyetine iye. Ju`da` aktivha`m reaktiv, kobinese reaktivligi xizmetinen ustin keledi. Shidamsiz, tinimsiz. qizig`iwlari, umtiliwlari kushli, is-ha`reketi keskin. Birak diqqatin bir ob`ektke toplawda kiynaladi. Soyleui tez boladi.

Oqiwshilardin minez-quliq o`zgeshelikleri oni xizmetke bag`darlawshi tiykarg`i faktor esaplanadi. Minez-quliq o`zgesheliklerinin` qa`liplesiuinde oqiw ha`m miynet xizmeti jetekshi rol oynaydi. Ko`plegen o`zgeshelikleri basqalarga elikleu natiyjesinde payda boladi. Minez-kuliqka janjell jag`daylar da tasir etedi. Insan o`mirinin` apkirina shekem o`zinin` is-ha`reketin basqarip, minez-qulqin teren`lestirgen bolsa ksip-o`ner tan`lawga sonshelli adalatli ha`m turaklaliq penen jantasadi. Sonday-ak, oqiwshilardin qa`biliyeti, uqiplilig`i ta`lim protsessinde

miynet protsessinde kem-kemnen rawajlanadi. qa`biliyetnin` joqari darejesi talant dep ataladi. o`spirimlerdin` kanshelli talantli ekenligin aniqlaw ushin tomendegi o`zgesheliklerge itibar beriw kerek.

1. Shaxs ziyrekligi ha`r kiyli sinaklarga tayarlig`i;

2. Oqiwshilardin miynetke beyimlesiui za`ru`rlik seziui;

3. Logikaliq pikir juritiu tezligi, isshenligi, natiyjeligi, sho`lkemlestiriushiligi ha`m t.b

Jeke o`zgeshelikler ha`m qa`biliyetler tuwma bolmaydi. Olar sotsialliq, jeke o`mir ha`m xizmet protsessinde belgili bir faktor, derekler tasirinen payda boladi. Uqipliliq-qa`biliyettin da`slepki sharti sipatinda korinedi.

Solay etip ka`sipke bag`darlaw protsessinde oqiwshilardin individual tipologyaliq o`zgesheliklerdi esapqa aliw kerek.

tipologyaliq o`zgesheliklerdi esapqa aliw kerek.

## 1.4. Oqiwshilardi ka`sipke bag`darlawda alip baratug`in mektep psixologinin` diagnostikaliq ha`m korrektsion jumislari.

Oqiwshilardi ka`sip-o`nerge bag`darlaw ha`m psixologiyaliq-pedagogikaliq diagnoz oraylari sho`lkemlestirilgenin` basli maqseti-bul, uliwma orta talim mekemelerinde oqiwshi jaslardi jamiyettegi kadrlarga bolg`an za`ru`rligin ha`m de miynet bazari talaplari tiykarinda sanali rauishte ka`sip tan`lawga tayarlaw, olardin qizig`iwlari, qa`biliyetleri ha`mde den-sawliqlarina say bolg`an orta arnauli ka`sip-o`ner talimi qa`niyge mekemelerine bag`darlawdan ibarat edi. Mektepke balalar a`meliyatshi psixolog ta`repinen olardin rawajlaniuin uzliksiz turde psixologiyaliq-pedagogikaliq diagnozdan otkerilip baqlanip baradi. Sonin` menen birge «psixologiyaliq-pedagogikaliq diagnoz dapteri» ha`m «diagnoz kartalari» barha`ma toliqtirilip bariladi. Mektep a`meliyatshi psixolginin` tiykargi diagnostikaliq islerinin` biri-ozlestiriw darejesi to`men balalardagi sebeplerdi aniqlaw, tarbiyasi kiyin oqiwshilar menen is alip bariw, ziyrek balalrdi tan`law olar menen islesiu esaplanadi.

Oqiwshilar 1-klasstan baslap 9-klasska shekem ka`sip-o`nerge bag`darlanip bariladi. Olarga ka`sipler haqqindagi mag`liwmatlar beriledi. 9-klass oqiwshilari menen jil dawaminda respublika diagnoz orayi ta`repinen usinis etilgen tu`rdegi ka`siplik diagnoz metodikalari otkeriledi. Mektep a`meliyatshi psixologi 9-klass oqiwshilarinan bir neshe protsesslerde psixologiyaliq diagnozdan otkeredi. Bul metodikalardin tiykarinda aling`an islerdi uliwmalastiriw ha`m natiyjesi boyinsha esabat tayarlaw menen sheklenip kalmastan, natiyjelerdi kayta islep analizley otirip ka`sip-o`nerge bag`darlaydi. Bunnan basqa ata-analar menen sorawnamalar otkeredi, sawbetlesedi, olarga usinislar beredi.

Uliwma alg`anda 9-klass oqiwshilari menen otkerilgen psixologiyaliq-pedagogikaliq ka`siplik dianoz isleri basqishpa-basqish, uzliksiz a`melge asirilip bariladi. Ka`siplik psixologiyaliq-pedagogikaliq diagnoz tek g`ana 1-2 metodikani otkeriw menen emes, balkim ka`sipler haqqinda mag`liwmatlar beriw ha`m ka`siplik maslaxat isleri menen birgelikte korrektsion rawajlandiriwshi kasiyetke iye bolg`an protsess sipatin`da a`melge asiriladi.

Psixologiyaliq-pedagogikaliq diagnoz otkeriw protsessi daslep diagnoz ob`ektin`, mashqalasin belgilep aliw menen baslanadi. U`zliksiz ka`siplik psixologiyaliq-pedagogikaliq diagnoz oqiwshilardan tuuma ukibi, qizig`iwshilig`i ha`m qa`biliyetlerin uyreniu dawaminda olardin ka`siplik motiv, jeke rejelerin korrektsiyalap beriw imkaniyatin` beredi. Bunnan tisqari psixologiyaliq-pedagogikaliq diagnoz ka`sip-o`nerge bag`darlaw mazmunin belgilew natiyjeni analiz etiw ha`m naubettegi basqishta a`melge asiriwi kerek bolg`an isti tiykarli rejelestiriwde xizmet etedi. Solay etip, sanali ka`sip tan`law-bul ka`sip-o`nerge bag`darlaw protsessinde sirtki ha`m ishki tasirler akibetin`de payda bolatug`in anik maqsetke tiykarlang`an ha`reket esaplanadi.

Psixologiyaliq-pedagogikaliq diagnoz mektepte oqiwshilardi ka`sip-o`nerge bag`darlaw islerinin` ajiralmas bolegi eken`, mekiep psixologi ha`m ka`sipke bag`darlawshi qa`niyge tek g`ana oni tikkeley a`melge asiriwshi, balkim putkil xizmetin` muwapiklastiriwshi xizmettide orinlaydi.

Usi koz-qarastan, mektepte ka`sipke bag`daralawdin psixologiyaliq-pedagogikaliq diagnoz xizmetin` sho`lkemlestiriwdin uliwmaliq tartibi bolip, olar:

1. Mektep psixologi ha`m ka`sipke bag`darlawshi qa`niyge xar bir da`wirlik protsessti belgilengen diagnoz metodikalarin a`melde kollaydi, ha`mde natiyjelerdi «ka`siplik maslaxat ha`m psixologiyaliq-pedagogikaliq diagnoz karta»sinda jazilip bariladi.

2. Kayta islengen ha`m interpritatsiyalang`an natiyjelerdi uliwma talim mekemelerindegi ka`sip-o`ner ialimi mekemelerine bag`darlaw komissiyasi analizlep baradi. Mektep psixologi diagnoz natiyjeleri tiykarinda psixologiyaliq-pedagogikaliq usinislar, psixokorrektsiya da`stu`ri ha`m ka`sipke bag`darlaw islerin alip baradi ha`mde mekteptin` pedagogikaliq ken`esi dodalawga kiritedi.

3. Pedagogikaliq ken`esi maselesin uyrenip, keyingi da`wirde a`melge asirilg`an isler natiyjesin ha`m sipan o`zgeriw dinamikasin aniklaydi ha`m keyingi da`wirde a`melge asiriliwi lazim bolg`an isler bag`darin belgilewge xizmetetedi.

Eksperimental diagnostikada psixolog xar tu`rli metodlardan paydalanadi. Aling`an mag`liwmatlar tiykarinda oqiwshilardin minez-kulki, xizmeti haqqinda

juwmak shigarip og`an psixologiyaliq diagnoz koyadi. Psixologiyaliq diagnoz koyiuda uliwma jagdaylarga baylanisli tiykargi olsheuler boladi. Olar tomendegishe:

- Psixologiyaliq diagnoz insanga tan bolg`an arnauli kasiyet ha`m o`zgesheliklerdi aship beriw kerek.

- Ha`r kanday diagnozda aling`an natiyjelerdi ko`rsetip beriwi menen shegaralanbastan xar kiyli belginin` payda boliwi sebebi, akibeti keyingi da`wirde rawajlaniuida uyreniliwi kerek

- Psixologiyaliq diagnoz izertlew sharayatin`da insan minez-kulkin xarakterleytug`in ko`rsetip bergen material tiykarinda tu`sindiriwi kerek

Psixologiyaliq diagnoz sinaliwshilardin jeke omir psixikaliq xizmeti haqqinda eksperimental izertlew joli menen aling`an mag`liwmatlar tiykarinda koyiladi. Psixologiyaliq diagnostikada metodikalardin isenimliligi en a`hmiyetli bolip esaplanadi. Ha`r kanday metodikanin isenimliligi uyrenilip atirg`an psixologiyaliq kasiyetlerdin olarda sawleleniui jag`inan tuwri kollaniudi xarakterleytug`in mag`liwmatlar jiyindisi sipatin`da qaraliwi tiyis. Psixologiyaliq diagnostika jeke adamga psixologiyaliq diagnoz koyiu, sinaliwshi psixikasindagi o`zgerislerdi aldin-ala aytip beriw, aling`an mag`liwmatlardan paydalaniu mumkinshilikleri menen baylanisli tarizde pedagog a`meliy xizmetin`de usinislar beriw maqsetin`de boladi.

Ka`siplik psixodiagnostika B.V.Kulaginnin` pikirinshe-adamnin individual o`zgesheliklerin izertlew ha`m bahalaw maqsetin`de ka`sipke saylaw, ka`sip tan`lawga bag`darlaw, dauagerlerdi qa`niygelikke adil turde bolistiriw, ka`siplik tayarliqti terenlestiriw, ka`siplik xizmetti optimallastiriwdin a`meliy maseleler dizimin sheshiw tu`siniledi. Oqiwshilardin ka`sipke bolg`an uqiplilig`in diagnoz kiliw insannin ka`siplik sezimlerin esapqa aliwga tiykarlanadi. Bul protsessti salistirmali analiz arkali shaxstin` o`zgeshelikler ko`rsetkishi menen ka`siplik xizmettin` natiyjesinenen erkin o`lshemi darejeleri aniklanadi. Ha`zirgi zaman psixologiyasinin mag`liwmatlarina qarag`anda diagnoz etiw modeli belgili bir matematikaliq algoritmge tiykarlanadi. Topar ushin ortasha shaxs imkaniyati

tan`laniui tek g`ana statistikaliq natiyjege iye boladi. Bunday model diagnoz kiliwda sheklengenlikke iye bolip, diagnozdin putkilley aniklak darejesinen tomenirek bolip esaplanadi.

Uliwma orta talim mekemelerinde oqiwshilardin qizig`iwshiliqlari, beyimlilikleri, tuuma uqipliliqlarin aniqlaw maqsetin`de olar menen xar tu`rli psixologiyaliq-pedagogikaliq diagnoz metodikalari otkerilip kelinbekte. Bul boyinsha milliy ortalig`imizg`a sa`ykeslestirilgen, bir neshe ma`rte a`meliy sinawlardan o`tkerilgen metodikalar jiynag`i usinilg`an.

Da`slep, shaxstin` aqiliy ha`m ruwhiy rawajlang`anlig`in, ha`r tu`rli xizmet tarawlarina bolg`an uqipliliqlarin aniqlawg`a qaratilg`an sotsiometriyaliq metodikalardin` mazmuni ha`m a`meliyatta paydalaniw ta`rtibi, imkaniyatlari toliq aniq berilgen.

1. Keyingi jillarda chexiyali qa`niygeler ta`repinen islep shig`ilg`an «Shaxs bag`darlaniwshilig`in aniqlaw metodikasi» ha`m Senin ta`repinen islep shig`ilg`an «Qa`driyatlar bag`darlarin aniqlaw sorawnamasi»n o`tkeriw a`meliyatqa engizilgen.

2. Rawajlanip atirg`an shixstin` ka`siplik qizig`iwshiliqlari ha`m oqiw predmetine bolg`an beyimlilikleri qa`siplik qa`liplesiw protsesinin` mazmunliq ta`repin quraydi, oqiwshinin` qaysi xizmet tarawina umtiliwi, qa`lewi ha`m qizig`iwshiliqlarin u`yrenbesten, onin` ka`siplik bag`darlaniwshilig`i haqqinda pikir bildiriw mu`mkin emes. Sol sebepli joqari klassqa kelip «Qizig`iwlar kartasi» sorawnamasi ha`m de J.Kelinnin` repertuar kesleler teoriyasi negizinde arnawli islep shig`ig`an oqiwshilardin` ta`lim bag`darlarina beyimliligin aniqlaw metodikasi da o`tkeriledi.

3. Oqiwshilardin` bolajaq ka`sibin tan`lawg`a tayarlig`in ha`m de ka`siplik o`zligin an`lawshiliq da`rejesin aniqlawg`a, sonday – aq oqiwshilar toparinda bunday sipatlardi qa`liplestiriwge qaratilg`an psixologiyaliq metodikalardan paydalaniw a`hmiyetli. Oqiwshilardin` ka`sip tan`lawg`a tayarlig`i ko`p ta`repten olardin` ka`sip tan`law protsesine bolg`an mu`na`sibetlerine,

ustanovkalarina baylanisli ekenligin esapqa alip, «Ka`siplik ustanovkalardi aniqlaw metodikasi» o`tkeriledi.

4. Sinaliwshida ol yamasa bul ka`sipke beyimlilik aniq ko`ringen bolsa ha`m ol belgili bir ka`sipti tan`lag`an bolsa, onda sol ka`sipti tan`law motivi qanday ekenin biliw za`ru`rligi de payda boladi. Bunda psixolog «Ka`sip tan`law motivlerin aniqlaw» metodikasinan paydalaniladi. Ka`siplik motivatsiya – bul ka`sip tan`lawg`a sebep bog`an aniq ha`reketi esaplanadi. Ka`sip iyelewdi qa`lew oqiwshilarda do`gerek – a`tirap faktorlari ha`m mektepte o`tkeriletug`in ka`sip – o`nerge bag`darlaw isleri arqali qa`liplesedi. Ka`siplik motivatsiya o`zgeriwshen`, onin` qa`liplesiwi u`ziliksiz protsess bolip, ob`ektiv ha`m sub`ektiv faktorlar ta`sirinde a`melge asip otiradi. Sonin` na`tiyjesinde ka`siplik motivatsiyani da`slepki basqishlarinda aniqlap, za`ru`rlik bolsa olardi tuwirlaw maqsetke muwapiq boladi.

5. Ta`lim diziminde xizmet ko`rsetip atirg`an a`meliyatshi psixologlar isinde oqiwshilarda qanday ka`siplerge beyimliligi bar ekenligin aniqlaw, olardi ka`sip – o`nerge tuwri bag`darlaw, olar menen ka`sip – o`nerge baylanisli ma`sla`ha`t islerin alip bariw en` a`hmiyetli ma`selelerdin` qatarina kiredi. Insan shaxs rawajlaniwinin` usi basqishta tuwri joldi tan`lay aliwi, onin` keleshek o`mirin sheshiwshi payit sanaladi. Bunin` ushin mektep a`meliyatinda ken` qollanilip o`zinin` na`tiyjeliligi, paydalaniw ushin qolaylilig`i menen xarakterlenip kiyatirg`an metodiklardin` biri E.A.Klimov ta`repinen usinilg`an «Differentsial – diagnostikaliq sorawnama» (DDS) esaplanadi.

Bunda, oqiwshilardin` qaysi ka`sip tu`rine beyimliligi aniqlanadi. Onnan psixologiyaliq – pedagogikaliq diagnozdin`, yag`niy ol ka`sipti o`zgertiriw imkani bar payitta paydalaniw ha`m onin` na`tiyjelerine tiykarlang`an halda balag`a tuwri ma`sla`ha`tler berip, oni o`zinin` individual – psixologiyaliq o`zgesheliklerine ko`birek say keletug`in ka`sip – o`nerge bag`darlaw maqsetke muwapiq boladi.

6. Amerikaliq psixolog Ya.Xolland ta`repinen islep shig`ilg`an «Shaxs tipleri ha`m olarg`a say ka`siplerdi aniqlaw» metodikasi da mektep a`meliyati ushin za`ru`rli diagnostikaliq qural esaplanadi. Bunda adam ha`m ka`sipti sha`rtli

tu`rde 6 toparg`a bo`lip, ha`r bir tu`rindegi o`zgeshelik sipatlarin ka`sip tu`rin tan`law menen baylanistiriladi.

Joqaridag`i, ka`siplik diagnoz metodikalarin isletiw oqiwshilardi ka`sipke bag`darlaw islerinin` birinshi basqishi esaplanadi. Bul metodikalardan talap da`rejesinde paydalaniw, balanin` qanday bag`darda ha`m qaysi ko`lemde ka`sip tan`law islerin a`melge asiriw kerek ekenligi belgili bolip, oqiwshi o`zinin` bag`darlaniwshilig`in an`lawi ushin sha`rayat jaoatip beriw imkaniyatlari ashiladi. Bul orinda ata – analardin`, ja`miyetshiliktin` de orni girewli. Ka`sipke bag`darlaw waziypasin tikkeley a`melge asiriwshi pedagog – qa`niygelerge oqiwshilar menen qa`liplestiriwshi psixologiyaliq kesheler o`tkeriw de za`ru`r esaplanadi.

Ma`sla`ha`t beriw isleri – a`meliyatshi psixologtin` tiykarg`i xizmet tu`rlerinen biri bolip esaplanadi. Ma`sla`ha`t beriw isleri oqitiwshilar, oqiwshilar, ata - analar ushin alip bariladi. Ol individual ha`m toparliq tu`rinde boliwi mu`mkin. Ko`binese ma`sla`ha`t isleri: oqiwshilardin` ha`r tu`rli pa`nler boyinsha o`zlestiriwdegi qiyinshiliqlari, balalardin` oqiy almawi, oqiwdi qa`lemewi, klastag`i kelispewshilikler, jeke pedagogikaliq ta`sirdin` na`tiyje bermesligi, ha`r tu`rli jastag`i balalardin` ten`lesleri shan`araqtag`i qatnasi ha`m balalar ja`ma`a`tinin` qa`liplesiwi, ka`siplik ta`jiriyblerin asiriw jollari, oqiwshilardin` qa`biliyetleri, uqipliliqlari, qizig`iwshiliqlarin aniqlaw ha`m rawajlandiriw jollari, oqiwshilar menen ka`sipke bag`darlaw islerin alip bariw barisinda boladi.

Psixolog oqiwshilar menen tikkeley baylanista bolip, olarda payda bolg`an mashqalalardi sheshedi. Bul tuwridan – tuwri ma`sla`ha`t beriw boladi. Bazida oqiwshilarg`a ha`m ata – analarg`a oqitiwshilardin` ol yamasa bul mashqalalari boyinsha ma`sla`ha`t beredi. Bul ma`sla`ha`t beriwdin` tikkeley emes tu`ri bolip, bunda belgili bir qag`iydalarg`a a`mel etiwine tuwra keledi. Ma`sla`ha`t beriw orayinda ha`r dayim psixolog ha`m ma`sla`ha`t aliwshinin` o`z – ara ta`sir proltsesi, olar arasinda isenimli o`z – ara mu`na`sibetti ornatiw jatadi. Bunda psixolog ma`sla`ha`t beriwshi, oqiwshi yamasa ata- analar ma`sla`ha`t beriliwshi rolinde boladi.

Psixolog to`mendegi aniq islerdi a`melge asiradi.

1. Oqiwshilardin` ta`lim – ta`rbiya isleri menen shug`illaniwshi barliq shaxslarg`a (oqitiwshilar, ata -analar) aniq ma`sla`ha`tler beriwi;

2. Ta`lim – ta`rbiya, rawajlandiriw, ka`sip tan`law, o`z – ara mu`na`sibetler, qatnaslar, oqiwshilardin` du`n`yaqarasi, qa`biliyeti, a`depliligi siyaqli ma`selelerde ja`ma`a`t tu`rinde konsul`tatsiya beriw;

3. Basqalarg`a (adminstratsiyag`a) oqiwshilardi qiziqtiriwshi ma`seleler boyinsha ma`sla`ha`t beriw. olardi aktivlestiriw, ta`sir ko`rsetiwge ja`rdemlesiw.

- Oqiwshilardin` psixologialiq jag`dayi boynsha ekspert konsul`tant sipatinda tergew islerinde qatnasiw olarg`a oqiwshinin` psixik o`siwi o`zgesheliklerin baylanisli mag`liwmat beriw.

- Ata-anag`a balanin` psixik rawajlani o`zgeshelikleri shaxs qa`liplesiwi, jas ha`m individual tipologialiq o`zgeshelikleri mashqalasi boinsha ilimiy a`meli mog`liwmat beriw.

- Mekteptegi ata-ana jiynalisinda, metod birlespe jiynalisiida, pedogogiqaliq ken`este, ilimiy ken`este qatnasiw arqali ata-ananin`, oqitiwshinin` psixologialiq ma`deniyatin asiriwg`a ha`reket etiw.

Psixologtin` alip barip atirg`an isleri tiykarinan diagnostikada tuwrilig`i, qollanilg`an metodlarinin` faktolilig`ina, usiniliwinin` ilimiy jaqtan tiykarlang`anlig`ina qaratilg`an boliwi kerek. Ha`r bir izertlew ha`m baqlaw islerin u`zliksiz ra`wishte jazip bariwlari, olardi belgili qag`azda tikarinda ra`smiylestiriwi lazim. Konsul`tativlik jumisinda ju`rgiziwde psixolog ozignostikaliq, psixoprofilaktikaliq, rawajlandiriwshi-korrekerlon islerdi birdey alip baradi. Bul isler ilimiy jen`islerge tikarlang`anin metod menen qurallaniw maqsetke muwapiq boladi.

Mektep psixologinin` waziypasi alip barip atirg`an psixologiyaliq xizmetin belgili da`rejede o`lshemge tiykarlanip sho`lkemlestiriwden ibarat bolip, jas da`wirleri o`zgesheliklerine qaray psixikanin` rawajlaniwi olardin` qa`liplesiw nizamliliqlarin a`meliyatqa usiniw oqitiwshilar ja`ma`a`tine oqiwshilardin` ta`lim – ta`rbiyasin individuallastiriwg`a ja`rdemlesiw, olardin` qa`biliyeti, uqiplililg`inin`

rawajlaniw da`rejesine qarap oqiwshilarg`a korrektsion islerin a`melge asiriwg`a ko`rsetpeler beredi. Korrektsion xizmettin` psixologiyaliq bo`limi qa`niygeler ta`repinen a`melge asirilsa, pedagogikaliq ta`repi bolsa, pedagoglar, ata – analar menen birgelikte o`tkeriledi. Rawajlandiriwshi ha`m korrektsion isler psixolog ta`repinen ha`r tu`rli formada, jag`daylarda alip bariladi.

1. A`meliy psixologtin` arnawli jumisi.
2. Shinig`iw ayirim balalar toparina ta`rbiyaliq ta`sir o`tkeriwge bag`darlang`an boladi.
3. Ata – analar pedagogikaliq ja`ma`a`t qatnasinda ta`rbiyaliq kesheler tu`rinde shinig`iwlar alip baradi.

Mekteptegi a`meliyatshi psixolog tek g`ana diagnoz qoyiw menen sheklenip qalmastan, keyingi rawajlaniw da`stu`rin de islep shig`adi, o`zinin` bergen usinislarinin` orinlaniwin tekseredi, korrektsion ha`m rawajlandiriwshi islerdi de alip baradi. Psixoprofilaktikaliq isler – bul a`meliyatshi psixologtin` en` kem isleytug`in xizmet tu`ri bolip, ol u`sh basqishta o`tkeriledi.

Birinshi basqish, da`slepki profilaktika basqishi, bunda psixolog saw balalar menen isleydi, yamasa mekteptegi barliq oqiwshilardi o`z ishine aladi. Bul mekteptegi psixikaliq salamatliq profilaktikasi ushin qolayli esaplanadi.

Ekinshi basqish, profilaktika mashqalalari bar balalarg`a qaratiladi. Onin` maqseti oqiwdag`i ha`m minez quliqtag`i qiyinshiliqlardi ila`ji barinsha erterek aniqlap, olardi joq etiwden ibarat bolip esaplanadi. Ekinshi basqishta ata-analar ha`m oqitiwshilarg`a ma`sla`ha`tti de o`z ishine aladi (balanin` oqiwi o`zgeriwi ushin ta`lim usilin o`zgertiriw).

U`shinshi basqish, psixolog oqiwdag`i ha`m minez – qulqindag`i aniq ko`rinip turatug`in mashqalalari bar balalarg`a o`z diqqatin qaratadi. Profilaktikanin` da`slepki maqseti – quramali psixologik qiyinshiliqlardi ha`m mashqalalardi joq etiw ha`m du`zetiwden ibarat. Psixolog aldina kelgen bala menen ayirim isleydi. Mektep psixologinin` tiykarg`i ku`shi u`shinshi basqishqa, yag`niy «ta`rbiyasi qiyin» balalarg`a qaratiladi ha`m oqiwshilardin` tiykarg`i bo`limi psixolog itibarinan shette qalip ketedi.

Psixoprofilaktik islerdin` usillarinan biri pedagogik psixologiyaliq konsiliumdi sho`lkemlestiriw. Yu.K. Babanskiydin` pikirinshe, oqiwshilardi u`yreniwdi jaqsi jolg`a qoyiw ushin, toliq jazba usinislar jaziwdan ko`re klass oqitiwshilarinin` oqiwshilar haqqindag`i pikirlerin ja`ma`a`t bolip dodalaw, klassqa ha`m oqiwshilarg`a individual jandasiw shara-ila`jlarin islep shig`iw jaqsi na`tiyjeler beredi. Bunday ja`ma`a`t bolip, dodalawdi sha`rtli ra`wishte pedagogik-psixologiyaliq konsilium dep ataydi. Pedagogik psixologik konsilium oqiwda arqada qaliw sebeplerin yaki minez-qulqindag`i kemshilik na`tiyjelerin taliqlawg`a qaratilg`an boladi.

Mine biz joqarida aytip o`tilgen bir qatar psixologiyaliq islerdin` negizi psixolog xizmetinin` mazmuni bolip, mekteplerde joqari klass oqiwshilarin ka`sipke bag`darlawdag`i da`slepki izertlew sanaladi. Usi jumislardin` na`tiyjesinde aling`an mag`liwmatlarg`a su`yene otirip, oqiwshilarg`a (pitkeriwshilerge) ka`siplik usinislar beriliwi menen a`meliyatshi psixologinin` jumisi o`z na`tiyjesin tapqan boladi.

# 2 BAP. OQIWShILARDI KA`SIPKE BAGDARLAW JUMISININ` TA`JIRIYBEDE U`YRENILIWI.

## 2.1 Shaxs tipleri ha'm oldarga mas ka'siplerdi aniqlaw.

## (Xolland metodikasi)

Usi metodika tiykarinda amerikali psixolog alim Ya.Xolland usinisi boyinsha adamlar ha'm ko'pshilik ka'siplerdi sha'rtli ra'wishte 6 toparg'a bo'liw mu'mkin (realistik, sotsialliq, konventsial (sha'rtli), ta'dbirkar, artistik tipler). Bul metodika tiykarinda joqarida ko'rsetilgen tiplerdin' qaysi biri qay da'rejede shaxsta ko'rniwin aniqlaw mu'mkin. Ka'siplerdin' o'zgesheligi sonda, shaxs psixologiyasindaqaysi bir bag'dar ko'birek qa'liplesken bolsa, sol ka'sip o'zine ko'birek tartadi.

Metodikani o'tkeriw ta'rtibi:

Metodika sorawnamasin oqiwshilarg'a beriwden aldin, olarg'a to'mendegi ko'rsetpe beriledi: «To'mendegi jup – juptan usinis etilgen ka'splerden o'zin'iz ushin ha'r bir juptan birewin tan'lan' ha'm «a» yamasa «b» grafalari qasina «+» yaki «-» belgisin qoyin'».

Eki ka'sipten birewin tan'law sha'rt.

| | | |
|---|---|---|
| 1. | a) quriwshi | b) da'stu'r du'ziwshi |
| 2. | a) elektron texnik | b) sanitariya shipakeri |
| 3. | a) tokar | b) sekretar` |
| 4. | a) su'wretkesh | b) dukan baslig'i |
| 5. | a) siziwshi | b)dizayner |
| 6. | a) filosof | b)psixiatr |
| 7. | a) tilshi | b) advokat |
| 8. | a) ilmiy jurnal redaktori | b) ko'rkem jurnal audarmashisi |
| 9. | a) pediatr | b) statist |
| 10. | a) sport shipakeri | b) fel`etonshi |
| 11. | a) notarius | b) ta'minatshi |
| 12. | a) parmalaushi | b) ku'lkili su'wret salatug'in su'wretshi |

| | | |
|---|---|---|
| 13. | a) siyasiy a’rbab | b) jaziwshi |
| 14. | a) bag’ban | b) meteorolog |
| 15. | a) avtobus aydaushisi | b) fel`dsher |
| 16. | a) elektron u’skeneler injeneri | b) sekretar` |
| 17. | a) boyawshi | b) ag’ash yamasa metall boyinsha suwretshi |
| 18. | a) biolog | b)ko’z shipakeri |
| 19. | a) teleoperator | b) rejisser |
| 20. | a) gidrolog | b) |
| 21. | a) zoolog | b) bas zootexnik |
| 22. | a) matematik | b) o’nerment |
| 23. | a) balalar xanasi militsiyasi | b) esapshi |
| 24. | a) oqitiwshi | b) ka’siplik awqam lideri |
| 25. | a) ta’rbiyashi | b) gu’lal |
| 26. | a) ekonomist | b) bo’lim baslig’i |
| 27. | a) korrektor | b) kritik |
| 28. | a) xojaliq jumislari baslig’i | b) dirijer |
| 29. | a) radiooperator | b) fizik yadroshi |
| 30. | a) sazlawshi | b) montajshi |
| 31. | a) agronom | b) menejer |
| 32. | a) pishiwshi | b) dekarator |
| 33. | a) arxeolog | b) ekspert |
| 34. | a) muzey jumisshisi | b) ma’sla’ha’tshi |
| 35. | a) alim | b) akter |
| 36. | a) logoped | b) stenografist |
| 37. | a) shipaker | b) diplomat |
| 38. | a) bas esapshi | b) direktor |
| 39. | a) shayir | b) psixolog |

Metodika na’tiyjelerin analiz qiliw ushin ha’r bir oqiwshinin’ juwap beti ayirim islep shig’iladi. Bunin’ ushin 6 bag’dar boyinsha berilgen arnawli juwaptan paydalaniladi. Ha’r bir sorawdin’ juwabi berilgen na’tiyje menen duris kelse a’ ball qosiladi ha’m aqirinda bir bag’dar boyinsha uliwma ballar jiyindisi esaplap shig’iladi. En’ ko’p ball toplag’an bag’dar jetekshi esaplanadi bunda sol bag’dar ballar jiyindisi o’ balldan kem bolmaslig’i kerek.

| | |
|---|---|
| Realistik tip | 1a, 2a, 3a, 5a, 14a, 15a, 16a, 17a, 19a, 29a, 30a, 31a, 32a |
| Aqiliy tip | 1b, 6a, 7a, 8a, 14b, 18a, 20a, 21a, 22a, 29b, 33a, 34a, 35a |
| Sotsial tip | 2b, 6b, 9a, 10a, 15b, 18b, 23a, 24a, 25a, 34b, 36a, 37a, 39a |
| Konventsial | 3b, 9b, 11a, 12a, 16b, 20b, 23b, 26a, 27a, 30b, 33b, 36b, 38a |
| Tadbirkar | 4b, 7b, 11b, 13a, 19b, 21b, 24b, 24b, 28a, 31b, 35b, 37b, 38b |
| Artistik tip | 4a, 5b, 8b, 10b, 12b, 13b, 17b, 22b, 25b, 27b, 28b, 32b, 39b |

Tiplerdin’ analizi

1. **Realistik tip**. Bunday tiptegi shaxs ko’birek konkret,yag’niy aniq ob`ektler (na’rseler, a’spab – u’skeneler, haywanlar, mashinalar) menen shug’illaniwdi abzal ko’redi, konkret ob`ekt penen shug’illaniw, shaqqanliq ha’m aniqliqti jaqtiradi. Adamlar menen qarim – qatnasta boliwdi jaqtirmag’anlig’i sebepli joqari lawazimlarda islewdi jaqsi ko’rmeydi. Injener, mexanik, elektrik, agronom, bag’ban, aydawshi ha’m sog’an uqsag’an ka’siplerdi tan’laydi.
2. **Intellektual tip**. Bunday adamlar o’zinin’ sezgir ha’m bay qiyalparaslig’i menen basqalardan ajiralip turadi. Olar a’meliy shinig’iwlardi jaqtiradi. Abstrakt ka’siplerdi tan’laydi: biolog, botanik, astronom, fizik.
3. **Sotsialliq tip**. Bunday adamlar mashqalani sheshiwde ko’birek o’zlrinin’ intellektual qa’biliyetlerinen ko’re shaxsiy sezim ha’m emotsiyalarina tiykarlanadi. Mexanizmler menen shug’illaniwdi jaqtirmaydi. Ko’birek ta’lim ha’m den sawliqti saqlaw tarawina qizig’adi: shipaker, psixolog,

oqitiwshi ka'siplerin tan'oawi mu'mkin, sebebi olarda qarim –qatnasqa kirisiw, basqariw ha'm iskusstvog'a mu'ta'jligi u'lken.

4. **Konventsial (sha'rtli) tip**. Bunday adamlarda maslasiw ju'da' pa's. olarg'a pa's aktivlilikti talap etiwshi shinig'iwlar ha'm qa'niygelikler ha'm de aniq tizimli xizmetler ko'birek jag'adi. Sebebi bunday xizmetlerde aniqliq ha'm aniqsizliq belgilep berilgen. Basqariw xizmeti tuwri kelmeydi, sebebi bunday adamlar ma'selelerdi sheshiwde ko'birek basqalardin' pikirine su'yenedi. Usinis etilgen ka'sipler ekonomika, esapshi, sekretar` ha'm t.b.
5. **Ta'dbirkarliq tipi**. Bunday tipler joqari lawazimlarda islewdi jaqtiradi. Olarg'a qol miyneti, diqqatti bir jerge ja'mlewshi xizmetler jaqpaydi. Olar to'mendegi ka'siplerdi tan'laydi: direktor, teleoperator, artist, diplomat, jurnalist.
6. **Artistik (kreativlik) tip**. Bunday insanlarda qiyal ha'm intuitsiya jaqsi rawajlang'an. Olar o'mirdi quramalasqan halda qabil etedi. «Erkeklestirilgen» - sport, avtoon'law siyaqli jumislar qiziqtirmaydi. Olar do'retiwshi xarakterli shinig'iwlardi jaqsi ko'redi. Yag'niy muzika, su'wretshilik, a'debiyat ha'm usi siyaqli tarawlarda joqari na'tiyjelerge erisiwi mu'mkin.

## 2.2. Oqiw predmetlerine meyillikti aniqlaw repertuar tablitsasi.

«Repertuar tablitsalar» atamasi konstruktlar teoriyasi menen baylanisli bolip, metodtin' avtori – frantsiyaliq alim J.Kelli ta'repinen psixologiya pa'nine kiritilgen. Repertuar tablitsa sinaliwshi (yamasa izertlewshi) ta'repinen toltirilatug'in, belgili sandag'i u'stinler ha'm qatarlarg'a iye bolg'an o'zine ta'n tablitsa.

Ko'binshe, tablitsanin' u'stinleri belgili sandag'i bir toparturmisliq ob`ektlerdi sa'wlelendiredi. A'dette ob`ektler sipatinda ha'r qiyli shaxslar, ren'ler, qa'driyatlar yamasa oqiw predmetleri siyaqli izertlewshini qiziqtirg'an elementler aliniwi mu'mkin. Solay eken, «repertuar tablitsa» (inglizshe «repertiry grid») atamasi ha'm belgili ta'rtibte jaylastirilg'an elementler jiynag'in, basqasha aytilsa, repertuarin o'z ishine alg'an tablitsa, degen ma'nisti bildiredi.

Tablitsaniq qatarlari bolsa konstruktlardi, yag'niy belgiler, sipatlar, parametrler yamasa shkalalardi sa'wlelendiredi. Sinaliwshi bunday tablitsadag'i ha'r bir elementti ha'r bir konsrukttin' mazmunina ko're ayirim – ayirim bahalapshig'iwi kerek. Bahalaw bolsa izertlewshinin' maqsetine ko're tu'rli usillarda (ta'rtiplew, u'sh bes, jeti balliq shkalalar arqali, dixotomik yamasa triadali usillarda bahalaw ha'm t.b.) a'melge asiriladi. Repertuar tablitsalar metodi boyinsha na'tiyjelerdi aliwdin' usillari qanshelli ren'be – ren' bolsa, olardi qayta islew matematikaliq usillari da sonshelli ha'r qiyli (faktorli analiz, korrelyatsion analiz yamasa da'stu'rge ko're ko'rsetkishlerdin', yag'niy u'stin yamasa qatarlardin' jiyindisi na'tiyjelerin esaplaw ha'm t.b) boladi. Demek, izertlewshi o'zinin' maqsetine, do'retiwshilik imkaniyatina ha'm jetiskenligine ko're ha'r qiyli tablitsalardi erkin tu'rde islep shig'iwi, a'meliyatta isletiwi mu'mkin.

Ka'siplik bag'darlang'anliq ha'm shaxs tizimi arasindag'i u'zliksiz baylanis, olar ortasindag'i o'z – ara mu'na'sibetler na'zerde tutilg'an halda, ka'siplik bag'darlang'anliqti aniqlaw maqsetinde biz to'mendegi printsipler tiykarinda Kelli metodikasina bag'dar berdik:

1. Oqiwshi jaslarimiz ka’sipler haqqinda jetkilikli mag’liwmatlarg’a iye emes: bizin’ sha’rayatimizda orta mekteplerde bul haqqinda toliq bilimler beriw ha’zirge shekem jolg’a qoyilmag’an. Sol sebepli, ka’siplik bag’darlang’anliqti aniqlawda oqiwshilardin’ mektepte oqitilatug’in predmetlerge jaqinliq, uliwma baylanisliliq da’rejelerin u’yreniw isenimlirek na’tiyjeler aliwg’a ja’rdem beredi. Sol maqsette repertuar tablitsada oqiw predmetleri ob`ektler waziypasin arinlawi mu’mkin.
2. Ka’sip tan’lawda oqiwshinin’ oqiw predmetleri shegarasindag’i qizig’iwlari, olardi jaqtiriwi a’hmiyetli rol` oynaydi. Shaxs quramali du’zilisinde bunday motivler «QA’LEW» tu’rkiminen orin aladi ha’m «Qizig’aman, jaqsi ko’remen», «Olimpiadalarda qatnasiwdi qa’legen bolar edim» yamasa «Keleshegim menen baylanisli» siyaqli belgili sipatlawshi tu’siniklerde (metodikanin’ konstruktlarinda) o’z ko’rinisin tabadi.
3. Sonin’ menen birge, ka’siplik bag’darlang’anliq oqiwshinin’ shaxsiy imkaniyatlarina, yag’niy belgili oqiw predmetlerin o’zlestiriw qa’biliyetine, uqipliqlarina, sol predmetler shegarasinda alip atirg’an real bahalarg’a baylanisli boladi. Bular shaxs tiziminde «IMKANIYaT» turkimindegi qa’siyetler bolip, «Men ushin o’zlestiriw an’sat», «Oqiw materiallarin jen’il eslep qalaman» yamasa «En’ joqari bahalarim» siyaqli tu’siniklerde ko’rsetiw ha’m metodika konstruktlarina kirgiziliwi mu’mkin.
4. Son’inda, ka’sip tan’lawda ku’shli faktorlardan bolg’an sotsialliq ortaliq ha’m shaxstin’ ka’siplik baqdarlang’anlig’nda salmaqli orin iyeleydi. Sotsialliq ortaliq faktorlarina ta’rbiya, belgili oqitiwshilardin’ shaxsiy qa’siyetleri, ja’miyette qa’liplesken qa’driyatlar ha’m basqalardi kiritiw mu’mkin. Bizin’ na’zerimizde, bul faktorlar da jaslar sanasinda «:ydegiler (ata -anam) qa’leydi», «Ja’miyette joqari qa’dirlenedi», «Abray – itibarli adamlardin’ tarawi» siyaqli tu’sinikler menen assotsiativ

baylanislardi payda etedi ha’m bular da test konstruktlari quramina kirgiziledi.

Usi printsiplerge tiykarlang’an halda ka’siplik bag’darlang’anliqti aniqlaw repertuar tablitsasin usinis etiw mu’mkin.

Ko’rinip turg’aninday, usi tablitsanin’ qatarlari a’u’ atamadag’i oqiw predmetlerin o’zinde sa’wlelendirgen. u’stinleri bolsa usi predmetlerdi bir qansha ta’repleme, aniqrag’i, 9 ta’repten bahalawg’a qaratilg’an:

A) Qizig’aman, jaqsi ko’remen. Bul u’stinde sinaliwshidan barliq pa’nlerdi olarg’a qizig’iwshiliq da’rejesine qaray ta’rtiplep shig’iw talap etiledi. Yag’niy «1 – na’wbette», «2 – na’wbette», «3 – na’wbette», . . . , «16 – na’wbette» qizig’atug’in predmetlerin tawip, usi ta’rtip nomerlerin u’stinnin’ tiyisli ketekshelerine jazip shig’iw kerek.

V) Keleshegim menen baylanisli. Bul u’stinde sinaliwshi kelesheginin’ ha’r bir predmet penen qanday da’rejede baylanisli ekenligin ko’rsetedi.

S) Olimpiadada qatnasiwdi qa’legen bolar edim. Yag’niy eger pa’n olimpiadasina qatnasiwg’a tuwri kelse (yamasa sha’rayat talap etse), oqiwshi qayi predmetlerdi tan’lag’an boliwin nomerler arqali ta’rtiplep shig’adi.

D) Men ushin o’zlestiriw an’sat. Yag’niy oqiwshi ha’r bir pa’ndi qay da’rejede an’satliq penen o’zlestire aliwin ko’rsetedi.

E) En’ joqari bahalarim. Bul u’stinde sinaliwshi sabaqlar protsesinde ha’r bir predmet boyinsha alg’an bahalarin o’z ara salistirip, olardi ta’rtiplep shig’adi.

G) Oqiw materiallarin jen’il eslep qalaman. Oqiw protsesinde ha’r bir predmet boyinsha arttirilg’an tta’jiriybe ha’m ko’nlikpelerge tiykarlanip, oqiwshi bul u’stinde ha’r bir predmettin’ materiallarin qay da’rejede an’sat yadta saqlay aliwin ko’rsetedi.

G) U’ydegiler (ata -anam) qa’leydi. Bul jerde oqiwshi shan’araq ag’zalarinin’, a’sirese, ata – anasinin’ qaysi predmetlerge ko’birek yamasa kemirek a’hmiyet beriwin, basqasha qilip aytsaq, onnan qaysi predmetler boyinsha joqari bahalar aliwin ku’tiwleri ko’rsetiledi.

N) Ja'miyette joqari qa'dirlenedi. Bul u'stinde sinaliwshi usi predmetlerdin' ja'miyette qanshelli qa'dirleniwi, xaliq xojalig'i rawajlaniwinda tutqan ornin ko'rsetedi.

I ) Abroy – itibarli adamlardin' tarawi. Tablitsanin' bul u'stininde sinaliwshi o'mirde o'zi bilgen, tanig'an yamasa esitken ha'm ju'da' hu'rmet qilg'an adamlardi qiyalinan birme – bir o'tkerip, olardin' qaysi bag'darg'a ko'birek jaqinlig'in juwap betindegi predmetlerdi ta'rtiplestiriw arqali belgilep shig'adi.

Usi bahalaw tiykarlari mazmuni jag'inan u'shke bo'linip, «qa'lew», «imkaniyat» ha'm «sotsialliq ortaliq» siyaqli psixologiyaliq ja'mlengen o'zgesheliklerdi quraydi. Olardin' birinshi u'shligi, joqarida ko'rsetilgenindey, motivler haqqindaxabar beredi, ekinshi u'shligi meyillik ha'm bilimlerge qaratilg'an boladi. U'shinshi u'shlik bolsa oqiwshinin' qa'liplesken qa'driyatlari, ruwhiy ko'rinisi arqali o'z ko'z qarasi haqqinda mag'liwmat beredi.

**Metodikani o'tkeriw protsesi.**

Usi metodikani jek ta'rtipte de, toparliq izertlewlerde de o'tkeriw mu'mkin. Toparliq izertlewlerde o'tkeriletug'in klassqa kirgennen son', balalarg'a ka'siplik bag'darlang'anliqti aniqlaw repertual tablitsasinin' ko'rinisi tu'sirilgen juwap betleri tarqatiladi. Son' juwap betinin' arqasinda keltirilgen tu'sintiriw xatin oqiwdi usinis etedi. Oqiwshilar birinen son' biri oqip bolg'annan son', 2 – 3 adamnan o'z tu'siniklerin aytip beriwleri soraladi. Barliq orinlaniwi kerek bolg'an waziypani tu'singennen son', waziypa ja'ne bir ma'rtede dana dana etip tu'sintiriledi:

*«Qolin'izdag'i juwap betinin' qatarlarinda 16 oqiw predmeti keltirilgen. :stinler (A, V, S, D, E, G, G, N, I) bolsa Sizin' usi predmetler shegarasindag'i shaxsiy ko'z qarasin'iz, olarg'a bolg'an mu'na'sibetin'izdi aniqlawg'a qaratilg'an.*

*Sizden ha'r bir u'stinde onin' mazmunina ko're oqiw predmetlerin ta'rtiplep shig'iw talap etiledi. Ma'selen. «A» u'stininde («Qizig'aman, jaqsi ko'remen») usi pa'nlerden en' ko'p qizig'atug'in, Sizge en' ko'p jag'atug'in predmetti tan'lap, onin' qasindag'i ketekshege «1» sanin qoyin'. Son' qalg'an*

*pa'nler ishinen ekinshi na'wbette qizig'atug'in predmetin'izdi tawip, onin' qasindag'i ketekshege «2» sanin jazip qoyin', u'shinshisine – «3» ha'm t.b. usi ta'rizde 16 predmettin' ta'rtip nomerlerin (qizig'iwshilig'in'izg'a qaray) jazip shiqqannan keyin, keyingi (Keleshegim menen baylanisli) u'stinine o'tin'. Onda ha'm onnan keyingi u'stinlerde de qoyilg'an waziypalardi adaspay, izbe – izlik penen ta'rtiplep shig'iwin'z talap etiledi.*

*Ma'selege ju'da' a'hmiyetli tu'rde jandasiwin'izdi soraymiz. Asiqpay, oylap juwap berin'. Ma'rhamat, basladiq!»*

Tablitsani toltiriw ju'da' an'sat ha'm qiziqli bolip, joqari klass oqiwshilari 15 – 20 minut waqit dawaminda metodika sorawlarina juwap beriw menen shug'illanadi. Oqiwshilar barliq u'stinlerdi toldirip bolg'annan son' juwap betin tapsirip, o'z jumislarin dawam ettiriwleri mu'mkin.

Oqiwshi ta'repinen toltirilg'an juwap betinin' on' ta'repinde xameki ballardi esaplap shig'iw ushin ja'ne n' u'stin keltirilgen.

Izertlewshilerdin' mag'liwmatlarin qayta islew ushin ajiratilg'an u'stinlerdin' birinshiisnde, ha'r bir predmettin' «Qa'lew» tu'rkimindegi (A, V ha'm S) u'stinlerinen aling'an mag'liwmatlardin' jiyindilari esapalap shig'iladi ha'm ko'rsetiledi.

Keyingi u'stinde ha'r bir predmettin' «Imkaniyat» tu'rkimindegi (D, E ha'm G) u'stinlerinde keltirilgen mag'liwmatlardin' na'tiyjeleri ja'mlenip, ko'rsetiledi.

U'shinshi u'stinde «Sotsialliq ortaliq» (G, N ha'm I) u'stinlerinin' mag'liwmatlari ja'mlenip, jazip shig'iladi.

To'rtinshi u'stinde bolsa usi u'sh ko'rsetkishtin' ag'liwmatlari ja'ne bir ma'rtebe ja'mlenedi, yag'niy ha'r bir predmet ushin uliwmalastirilg'an jiyindi esaplap shig'iladi.

Belgili bolg'ananday, ha'r bir predmet boyinsha shig'arilg'an barliq xameki ballar qanshelli kishi bolsa, sinaliwshi shaxsinin' usi predmetke shaxsan sonshelli jaqin ekenligin ha'm kerisinshe, ko'rsetkishler qanshelli u'lken sanda ko'rsetilgen bolsa, sonshelli uzaq ekenligin bildiredi.

Aqirg'i ja'mlengen ko'rsetkish oqiwshinin' ka'siplik bag'darlang'anlig'i haqqinda uliwmalastirilg'an, yag'niy ha'm shaxsiy motivleri, ha'm qa'biliyeti ha'm uqiplilig'i, ha'm a'tiraptag'i adamlarg'a sa'ykesligin ko'rsetetug'in mag'liwmat boladi. Bunda ha'r bir pa'nnin' oqiwshi sanasindag'i, o'mirindegi qa'dir – qimbati haqqinda uliwma ko'z qarasqa iye boliw mu'mkin. Biraq jeke sa'wbet waqtinda aling'an mag'liwmatlar usi ko'rsetkish penen mas kelmegen hallarda «ShAXSIY QA'LEWLER», «ShAXSIY IMKANIYaTLAR», «SOTsIALLIQ ORTALIQ» ko'rsetkishleri menen salistiriw sha'rayati bar. Usi na'tiyjelerdin' bir-birine qarag'anda u'lken – kishiligine itibar berilsa, aqirg'i jiyindinin' mazmuni ja'ne de aniqlasip qaladi.

Familiya ____________ Ati ____________________

| | A | V | S | D | E | F | G | H | I | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Kizigaman, jaksi | Keleshegim | Olimpiadada | Men ushin | En jokari | Okiu materialin | Uydegiler (ata - | Jamiyette jokari | Abroy – itibarli | **A+B+C** | **D+E+F** | **G+H+I** | ∑ |
| 1. Matematika | | | | | | | | | | | | | |
| 2. Geometriya | | | | | | | | | | | | | |
| 3. EEM | | | | | | | | | | | | | |
| 4. Fizika | | | | | | | | | | | | | |
| 5. Ximiya | | | | | | | | | | | | | |
| 6.Biologiya | | | | | | | | | | | | | |
| 7. Geografiya | | | | | | | | | | | | | |
| 8. Ana tili | | | | | | | | | | | | | |
| 9. Edebiyat | | | | | | | | | | | | | |
| 10. Rus tili | | | | | | | | | | | | | |
| 11. Shet tili | | | | | | | | | | | | | |
| 12. Ekonomika | | | | | | | | | | | | | |
| 13. Tariyx | | | | | | | | | | | | | |

| | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 14. Muzika | | | | | | | | | | | | | |
| 15. Suuret | | | | | | | | | | | | | |
| 16. Dene tarbiyasi | | | | | | | | | | | | | |

## 2.3. Joqari klass oqiwshilari menen alip barilatug'in ka'sipge bag'darlawshi korreksion-rawajlandiriwshi shinig'iwlar.

E.A. Klimovtin kasip klassifikatsiyasi tiykarinda turli shinigiwlar ham interaktiv oyinlardi sho`lkemlestiriw munkin. Usinilgan usi oyinlar ham shinigiwlar kasipler aleminde orin aliw qabiletin rawajlantiradi. 8-9 klass oqiwshilari ka`sipler o`zgesheliklerin ham de onin' insang`a bolatug`in talaplarin tuwri an`law ham bul talaplardi o`z o`zgesheliklerine salistirip ko`riw imkanin beredi. Bul shinigiw ham oyinlardi toparlar yaki individual tu'rde o'tkiziw mu'nkin.

Shinig'iw ham oyinlardi duziwde oqiwshilarg'a aldinnan ka'sip klassifikatsiyasi, formulasi haqqinda mag'liwmatlar menen tanistirg'an boliwi kerek. Oqiwshilarda miynet o'zgesheligi haqqinda belgili bir tu'sinikler boliwi kerek.

Oqiwshilarda ka'siplik miynet xizmeti menen baylanisli atamalar haqqindag'I tu'siniklerdi payda etiwshi hamde bekkemlew maqsetinde bir neshe interaktiv usilar usiniladi. Usi oyin ha'm shinig'iwlar oqiwshilarda oylaw, aqliy operatsiyalardi, analiz-sintez, teren' pikirlew, uliwmalastiriw, salistiriw o'zgesheliklerin rawajlandiriw ha'm de ka'sip ha'm qa'nigeliklerdi o'zine ta'n belgilerin meynet o'zgesheliklerin ajirata aliw ko'nlikpesin payda etiwde ja'rdem etedi.

### 1- Tapsirma. Kim islemesede boladi?"

Ko'rsetpe: oqiwshilar toparlarg'a soraw beredi. 2 minut waqit beredi.

Soraw: miynet qilmasa da turmis tarizi ha'm darejesine keri ta'sir ko'rsetpeytug'in insanlardi to'rt toparg'a ajiratin' ha'm ne ushin miynet qilmasa da bolatug'inin tu'sindip berin'.

Tuwri juwap: 1-topar-balalar, sebebi olar ata-ana qarmag'inda (jetim balalar ma'mleket qaramag'inda) elle miynet jasina jetpegen;

2-topar: kekseler- sebebi olar gurippada, miynet jasinan o'tken;

3-topar-miynetke jaramaydi, na'giranlar, sebebi olar o'zleri is-ha'reketin basqariw ha'm uslaw imkanina iye emes, gurippada ham mamleket qaramaginda;

4-topar- “o’liler, sebebi olar bul materal duniya bayliqlarinin hesh birine endi mu’ta’jligi joq”.

Bahalaw ta’rtibi: 1, 2, 3-topardin tuwri toplag’an toparg’a 1 balldan, 4-topardi korsetken toparg’a ja’ne 1 ball qosip beriledi.

2-Tapsirma. “Payda bolg’an yaki joq bolip ketgen ka’siplerdi tap”. Ko’rsetpe: Qisqasha yaki uliwma joq bolip ketgen ha’m tek XX a’sirge kelip payda bolg’an ka’sip ham qa’niygelikti tabin’. (bul tapsirmanin jana bir basqasha korinisinde tayar kasip ham qaniygelikler beriledi, oqiwshilar bolsa olar ishinen tiyisli yaki uliwm joq bolip ketgen hamde tek XX asirge kelip payda bolgan ka’sip ham qaniygelerdi ajiratip aladi)

Baqalaw tartibi: en’ ko’p ham tuwri tabilgan ka’sipler sani esapqa alinadi.

3-Tapsirma. “Tort toparga ajirat “Korsetpe: oqiwshilar bir neshe toparga bolinedi . Toparlarga ka’sip ham qanigelikler, lawazimlar ham de darejeler jazilgan kortoshkalar toplami beriledi ham ekki minut ishinde olardo tort topar: kasipler, qanigelikler, lawazimlar, ilmiy darejelerge ajiratiw soraladi.

Baqalaw tartibi: har bir toparda tuwri ajiratilgan ka’sipler, qanigelikler, lawazimlar, ilmiy darejeler sani ham ajiratiwg’a ulgurealmay qalganlar sani ham natuwri ajiratqanlar sani esaplanadi.

4-Tapsirma. “Jubin tap” Korsetpe: oqiwshilar bir neshe toparga bolinedi. Toparlarga kasip ha’m qaniygelikler lawazimlar ham darejeler jazilgan kartoshkalar toplami beriledi ham eki minut ishinde olardi har birin juplarin tawip beriw soraladi.

Bahalaw tartibi: har bir topardagi tuwri ajiratilgan ka’sipler,qanigelikler, lawazimlar, ilmiy darejelerjuplari sani ham ajiratiwga ulgire almagan juplar sani ham natuwri ajiratilgan juplar sani esaplanadi.

5-Tapsirma. Qatnasiwshilardi aniqlan’. Korsetpe: Belgili bir buyim, onimdi jaratiwda qatnasiwshi yaki xizmet korsetiwshi kasip ha’m qaniygeler dizimi 2 minut ishinde duzin’. Misali, adebiy kinofilim, nan-buxanka, gazeta: transporta bir jasawshi oringa bariw; orta magliwmat aliw imkaniyati h.t.b.

Bahalaw tartibi: en’ kop ham de tuwri ka’sip ham qaniygelikler dizimin duzgen topar jenisge erisedi.

**2. a) «Menin` ka`siplik rolim» shinig`iwi.**

**Shinig`iw maqseti**: ka`siplik xizmettin` na`tiyjeli usillarin ashiw.

Oqiwshilar topari aylana bolip turadi ha`m psixolog ha`mmege topar menen sa`lemlesiwdi aytadi, ko`z aldin`izg`a keltirin` olar oqiwshilar emes, ba`lkim oqitiwshilar.

Sa`lemlesiwdi to`mendegishe baslawi mu`mkin:

Sa`lem balalar. Bul waqitta onin` tutqan orni bet – a`lpetinin` o`zgeriwi ko`rsetiledi.

Bunnan son` barliq qatnasiwshilar topar menen sa`lelesedi. Uliwma analiz qilinadi. Ha`r bir oqiwshi bala pozitsiyasinda qanday sa`lemlesiwdi tu`sindiredi. Kimnin` ta`biyiy ha`m ashiq ekenligi aniqlanadi. Bul shinig`iwda ha`r bir oqiwshi o`zinin` xizmetindegi uslubinan kelip shig`ip isleydi.

Pedagogikaliq xizmettin` na`tiyjeli sheshiliwi tek g`ana mektepte endi is baslag`an jas oqitiwshilar emes, ba`lkim, bir neshe jilliq is stajina iye bolg`an oqitiwshilar ushin da ka`sip uslubin rawajlandiriwda a`hmiyetli.

**2. b) «Menin` ka`siplik rolim» shinig`iwi.**

**Shinig`iw maqseti**: oqitiwshi biliwi kerek bolg`an klass penen qatnasti ha`m ishki jag`daylardi na`tiyjeli sheshiw.

Topar aylana bolip otiradi ha`m psixolog ha`r bir qatnasiwshig`a ka`siplik kommunikativ sipatlarin ko`rsetiwshi rol` jazilg`an kartochkalardi tarqatadi.

Kartochkalarda to`mendegi so`zler jazilg`an boliwi mu`min:

«Ja`rdemshi, ana, ta`rbiyashi, lider, ideal. Oqitiwshi menen ata – analar ortasindag`i baylanistiriwshi, dos, oyin, intellektual, sud`ya, baqlawshi, sabaq beriwshi».

Ha`r bir qatnasiwshi o`zinin` pozitsiyaliq roli ko`rsetilgen kartochakni aladi ha`m og`an tu`sinikli bolg`an oqitiwshinin` bul pozitsiyasinda tutqan ornin aytadi.

Berilgen rol` pozitsiyag`a qarsi shiqqanda kishkene oqiwshilar menen qatnasta paydalaniw mu`mkin bolg`an pozitsiyani aytiw kerek.

Jag`day analizlenedi, a`sirese, oqiwshilar aldinda tutqan orni haqqinda ayriqsha toqtaladi. Analiz topar ishinde aylana ta`rizde yamasa na`wbet penen pikirin bildiriwi mu`mkin. Topar analizinde psixolog oqiwshilar diqqatin keyingi jag`dayg`a, ha`r bir oqiwshinin` jeke 2 rolin oqiwshilar menen mu`na`sibetin, olpr menen katnasta ta`biyiy ha`m ashiq kewil boliwi kerekligin sin`diriwge ha`reket etiwi kerek.

**3. «Menin` qiyin oqiwshim» shinig`iwi.**

**Shinig`iw maqseti:** oqiwshilarda balalarg`a bolg`an emotsional unamli mu`na`sibetti rawajlandiriw, qiyin oqiwshilar menen qatnas jasaw boyinsha ta`jiriybe almasiwdi sho`lkemlestiriw.

Topar qatnasiwshilari aylana bolip jaylasadi ha`m o`zlerinin` qiyin oqiwshilari haqqinda, onin` sirtqi ko`rinisi haqqinda, sabaqta o`zin tutiwi, oqiwda onin` menen qanday qiyin jag`daylar ju`zege kelgeni ha`m t.b. haqqinda pikir almasiladi.

Bayan etiwshi qiyin oqiwshig`a ta`sir etiw jollari haqqinda aytip beredi.

Topar o`z a`meliy ta`jiriyesinen kelip shig`ip, ta`sir ko`rsetiwdin` na`tiyjeli qurallarin tabiwg`a ja`rdemlesedi.

**4. «Sezim» shinig`iwi.**

**Shinig`iw maqseti:** Oqiwshilardin` ka`siplik o`zgesheliklerin qa`liplestiriw.

Oqiwshilar topari aylana bolip otiradi. Qatnasiwshilardin` ayrimlarin psixolog kartochkalar tarqatadi. Olarda insaniy sezimler ko`rsetilgen boladi. To`mendegi kartochkalar toplami beriledi: G`quwanish, ashiw, biyparwaliq, hayran boliw, qollap – quwatlaw, qizig`iwshan`liq, qayg`iriwG`.

Oqiwshilar topar aldinda onsha u`lken bolmag`an bir ko`rinis tayarlawlari kerek, onda joqari klass oqiwshilari ta`lim – ta`rbiyasinda bolatug`in jag`daylardi ko`rsetiw kerek ha`m sezimler pedagogikaliq maqsetke muwapiq keliwi lazim. Qalg`an topar ag`zalari ha`r bir ka`sipleslerinin` shig`iwin toliqtirip otiradi.

**5. «Kelgindiler» shinig`iwi.**

**Oyinnin` maqseti:** Oqiwshilarda ka`siplik miynettin` rolin ko`rsetip beriwden ibarat.

Oyinnin` barisi: Oyin oqiwshilardin` pu`tin bir klass penen islesiwine bag`darlang`an. Oyin ushin ajiratilg`an waqit: 30-40 minut.

Oqiwshilarg`a ruchka,qag`az bo`lekleri beriledi.

Oyin ta`rtibi: Bul oyin tayarliqsiz o`tkeriliwi mu`mkin. Ja`miyet turmisinda ka`siplik miynettin` roli haqqindag`i lektsiya materialin mektep oqiwshilarina oyin baslanbastan burin ha`m oyinnnan keyin de usiniw mu`mkin.

Klass oqiwshilarinan 2-3 oqiwshi tan`lanip, olar G`kelgindiG` boladi. Olardi klass ag`lalarinin` ishinen tan`lap aliw maqsetke muwapiq keledi.

To`mendegi mazmunda uliwma bag`dar beriledi: ku`tilmegende basqa tsivilizatsiya wa`killerinin` planetamizg`a kelgeni haqqindag`i xabardi aldiq. Ha`r qiyli gazeta, jurnal, da`stu`r sho`lkemlestiriledi. Kelgindilerdin` keliwi tek g`ana 15 minut aralig`inda bolip o`tedi. Usi waqit ishinde bizin` tsivilizatsiyamiz haqqinda en` tiykarg`i na`rselerdi bilip aliwi lazim.

«Kelgindi»lerge awizeki ha`m jazba ta`rizde to`mendegishe tu`sinik beriledi: «Ha`zir sizler klasstan shig`ip, qanday maqsette ha`m qay jerden kelgenin`izdi 3-4 minut ishinde oylap aytip beresiz. Planetamiz haqqinda 5 minutliq gu`rrin` tayarlan`.»

«Kelgindi»ler jolda tayarliq ko`rip atirg`anda klassta qalg`an oqiwshilarg`a to`mendegi mazmunda tu`sinik beriledi: «Sizler anaw yaki minaw agentlik, radio yaki telebag`darlamalar, jurnallar yamasa gazetalardin` wa`killerisiz. Ha`zir qaysi sho`lkem wa`kili ekenligin`izdi oylasip turin`. Sorawlarin`izdi kelgindiler o`zlerinin` planetalari haqqinda aytip bergennen son` beresiz. Soraw beriw payitinda qolin`izdi ko`terin` ha`m da`slep o`zin`iz isleytug`in sho`lkem tuwrali mag`liwmat berin`. Este tutin`: sorawlar aniq ha`m qiziqli boliwi kerek.»

Baslawshi «o`zge planetaliqlar»di mira`t etedi, olardi shin kewilden qutliqlaydi ha`m ushirasiw waqti sheklengenligin esletip, da`rhal olarg`a so`z

beredi. «O`zge planetaliqlar» o`z planetasi haqqinda qisqasha 5 minut dawaminda aytip beredi.

Oyindi alip bariwshi jurnalistlerge sorawlar beriwdi, «o`zge planetaliqlar»g`a bul sorawlarg`a qisqasha juwap qaytariwdi usinis etedi. En` qiziqli sorawdi beriw usi basqishtag`i ba`sekinin` tiykarg`i ta`repi esaplanadi. Ayirim sorawlardi oyindi alip bariwshinin` o`zi beriwi mu`mkin, biraq jurnalistler ta`repinen berilgeni jaqsiraq. Sebebi, talqilaw waqtinda oqiwshilardin` sorawlari analiz qiliniwi lazim.

Ushirasiw tamamlaniwina 1 minut qalg`anda, yag`niy oyin baslang`aninan 14 minut o`tkennen son` oyindi alip bariwshi oyin qatnasiwshilarina bul haqqinda eskertedi ha`m oyinnin` 15-minutinda «kelgindeler»joq bolip ketkenliklerin dag`azalaydi. «Joq bolip ketken miymanlar»g`a klassta o`z orinlarin iyelew usinis etiledi.

Bunnan son` oyinnin` barliq qatnasiwshilari g`alaba qural konferentsiyasinan alg`an da`slepki oy-pikirleri haqqinda qisqasha mag`liwmat jaziwi, bul mag`liwmatta eki ta`rep, tsivilizatsiya rawajlaniw da`rejesine baha beriw ha`m usi tsivilizatsiya menen baylanistin` maqsetke muwapiq ta`repleri tu`sindiriliwi lazim. Jurnalistler o`zleri qaysi sho`lkem wa`killeri ekenliklerin o`zlerinin` qag`azlarina jazip qoyadi ha`m imkani bolsa o`z xabarlarina ko`zge taslanip turatug`in atamalar beriwi kerek. Kelgindiler bolsa basqa tsivilizatsiyag`a iye ekenliklerin aytip o`tedi. Bul sha`rtlerdi orinlawg`a 5-7 minut waqit beriledi.

Oqiwshilardin` barlig`i xabarlardi jazip u`lgergenlikleri yaki u`lgermegenliklerine qaramastan 5-7 minut ishinde olar jiynap alinadi. Toplang`an xabarlar dawis shig`arip oqip beriledi.

**6. «Sho`lkem» shinig`iwi.**

**Oyinnin` maqseti:** Oqiwshilardin` ha`r qiyli ka`sip tu`rlerine bolg`an haqiyqiy mu`na`sibetin aniqlaw.

**O`tkeriliw ta`rtibi:** Oyinda qatnasiwshilar sani sheklenbegen.Oyinnin` birinshi bo`limi ushin 15 minut, keyingi oyinlar ushin 5-7 minuttan waqit ajiratiladi. Oyin ushin klass taxtasi za`ru`r. Oyin tayarliqti talap etpeydi.

Oyinnin` ati aytiladi. Son` u`sh tiykarg`i qatnasiwshi tan`lap alinadi. (qa`legen oqiwshi tan`lanniwi mu`mkin)

Oyin sha`rtleri dag`azalanadi ha`m to`mendegishe ko`rsetpe beriledi: «Ha`zir u`sh oqiwshi klasstan shig`adi, al qalg`anlar qanday da bir ka`sipti oylastirip qoyadi. Son` shig`ip ketken u`sh qatnasiwshi ishke kiredi ha`m qanday da bir sho`lkemge tiyisli sorawlar beredi. Misali ushin: «Bul ka`sip qanday ren`di esletedi?», yaki «Bul ka`sipte qanday mebel`den paydalanamiz?» ha`m.t.b.

Oqiwshilardan aldin bul oyindi oynag`an yaki oynamag`anlig`in soraw mu`mkin: «Ha`r birin`iz eki sorawdan beriwin`iz mu`mkin.»

Oyindi alip bariwshi jumbaqti tabiwshilarg`a to`mendegishe ko`rsetpeler beredi.

U`sh oqiwshi klasstan shig`adi. Qalg`anlar tezlik penen bir ka`sipti oylastirip aladi. Oyindi alip bariwshi  sorawlar ha`r bir adamnan soraliwi mu`mkin dep eskertedi.

Oyindi alip bariwshi shig`ip ketken u`sh qatnasiwshini ishke shaqirip, jumbaqtin` sheshimin  tabiwg`a mira`t etedi. Olar gezekpe-gezek klasstag`ilarg`a sorawlar beredi. Oyindi alip bariwshinin` o`zi sorawlardi taxtag`a aniq etip jazip qoyadi.

Barliq soraw-juwaplar tamamlanip, oyindi alip bariwshi u`sh oqiwshig`a bir minut ishinde o`zlerinin` juwaplarin oylap ko`riwin usinis etedi.

Jumbaqlardi tabiwshilar o`z variantlarin aytadi. Bul juwaplar ati atalg`an ka`sip penen pu`tkilley sa`ykes kelmewi de mu`mkin. Ma`selen: a`skeriy ushiwshi ka`sibi tabilg`anda, kosmonavt, militsioner, avtomobil` aydawshisi degen juwaplar aliniwi mu`mkin. Tabilg`an ka`sip ta`biiy aytiladi.

**7. «Ka`sipti tap» shinig`iwi.**

**Oyinnin` maqseti:** Oqiwshilardi ka`siplerdi analiz etiwdin` ilimiy sxemasi menen tanistiradi.

O`tkeriliw ta`rtibi: Oyin klass penen islesiwge bag`darlang`an. oyinnin` 1-bo`limi ushin 10-15 minut, keyingi bo`limleri ushin 7-8 minut waqit ajiratiladi.

Oyinda klass taxtasinan ken`nen paydalaniladi. Sonday-aq ka`sipler analizi tablitsasina da iye boliw kerek.

**8. «Bos orin» shinig`iw.**

**Oyinnin` maqseti:** Ka`sip talaplari menen oqiwshilar paziyletlerin bir-biri menen baylanistirip u`yreniw.

**O`tkeriw ta`rtibi:** Oying`a bir neshe minut waqit ajiratiladi. Oyin ushin klass taxtasi ha`m arnawli tayarlang`an tu`sindirmeler za`ru`r.

1) Oyinnin` ati dag`azalanadi ha`m oyinnin` 4 tiykarg`i oyinshisi saylap alinadi. Olar jup bolip turadi.

2) Oyindi alip bariwshilar ha`mmeni uliwma tu`sindirme menen tanistiradi. Ulli kino rejisserlardan yaki topar kem ushirasatug`in fil`mlerdi su`wretke aladi. Bul fil`mler ha`r qiyli bolip, biraq ha`mmesinde ka`rxanalar oyininda ko`rip shig`ilip atirg`an ka`sipke qarap, mektepler avtomobil` xojaliqlari ha`m usi siyaqli turmistan aling`an ko`rinisler bar.

3) Rejisserlardi jolg`a jiberiwden aldin ha`r bir toparg`a ja`rdemshi tu`sindirme beriledi. Olar bul tu`sindirme menen jolda tanisadi.

4) Rejisserlar tan`law kriteriyalarin belgilep atirg`an waqitta oyindi alip bariwshi klassta qalg`an oqiwshilar menen to`mendegi jumisti a`meplge asiradi. Klasstag`ilarg`a ka`sipke ta`n bir qatar o`zgesheliklerdin` dizimi oqip beriledi. Ko`rip shig`ilatug`in ka`sip ushin ju`da` ken` pikirlewshi bes qatnasiwshini yamasa birden eki ka`sip ushin usta ha`m jumisshi tan`law usinis etiledi.

5) Rejisserlar toparlari na`wbet penen klassqa kirip, bir minut ishinde o`zleri tan`lag`an artistlerdi atap ko`rsetedi. Bunda artistler o`z orinlarinda qaladi, al rejisserlar bolsa o`zlerinin` tan`lag`an bes kriteriyasin aytadi.

6) Tan`lang`an ha`m bir qansha jaqsi kriteriyalarg`a baha beriw ushin kriteriyalardin` barliq variantlari taxtag`a jazip qoyiliwi mu`mkin. Bunnan son` 5-7 minut analiz qilinadi.

7) Kimnin` tan`lag`an artistleri bir qansha a`wmetli shiqqanin aniqlaw ushin oyindi alip bariwshi olardi is barisinda sinap ko`riwdi usinis etedi.

Rejisserlar menen birgelikte aling`an ko`rinisti tayarlawlar ha`m oynawlari lazim.

8) Oyindi alip bariwshi ha`r eki topar rejisserlarin na`wbet penen jup artistleri menen birge klassqa mira`t etedi. Olardin` ha`r biri tapsirmalardi ko`rsetedi. Son` 3 minut dawaminda o`zi islep shig`arg`an jag`daydi oynap ko`rsetedi.

**9. «Veteran-biykarshi» shinig`iwi.**

**Oyinnin` maqseti:** mektep oqiwshilarinda jeke ka`siplik rejeni bir qansha sipatli du`ziwge tayardiqti qa`liplestiriwden, ka`siplik sheberligin o`zi belgilewden ibarat.

O`tkeriw ta`rtibi: Joqari klass oqiwshilari ushin arnalg`an oyin bolip, 30-40 minut waqit ajiratiladi.

Oyin dag`aza etilemen degenshe tiykarg`i rol` oynaw ushin eki oqiwshi tan`lap alinadi.

Klassta qalg`anlar to`mendegi mazmunda uliwma bag`darlama menen tanisadi: «Biz ha`mmemiz 2050-jilda turippiz - dep ko`z aldin`izg`a keltirin`. Sizler oqiwshilar, al men sizlerdin` klass basshin`izban. Uzaq o`mir jasag`an, miyneti sin`gen miynetkesh bizin` miymanimiz bolip turipti. Ekinshisi biykarshi olar o`z ta`g`diri ha`qqinda aytip beredi ha`m sorawlarin`izg`a juwap qaytaradi.»

Veteran ha`m biykarshi o`zlerinin` qisqa gu`rrin`lerin oylap ko`riw ha`m oqiwshilardin` sorawlarina juwap qaytariwg`a tayarliq ko`riw ushin 3-5 minut shetke shig`ip ketedi. Oyindi alip bariwshi veteran ha`m biykarshig`a ja`rdem sipatinda jazba ko`rsetpeler beredi. (ha`mmede bir sorawdan payda bolmag`ansha oyin baslanbaydi.) Oyindi alip bariwshi veteran ha`m biykarshini mira`t etedi. Klasstag`ilar olardi qutliqlaydi. Olardin` ha`r biri o`z turmisi haqqinda qisqasha aytip beredi. Oyindi alip bariwshi klass aldinan o`z ornin iyeleydi ha`m oqiwshilardi miymanlarg`a sorawlar beriwge shaqiradi. Miymanlar bir-birine sorawlar beriwine de boladi.

Oyindi tamalay otirip «kishipeyillik ushin» miymanlarg`a a`lbette minnetdarshiliq bildiriledi.

## J U W M A Q L A W .

Solay etip, pitkeriw qa`niygelik jumisimizg`a juwmaq jasaymiz.

O`spirimlerdin` 8 – 9 klassta oqiwi keleshek ka`sip haqqinda oylandiradi, tolg`andira baslaydi, birazlari isenin`kiremeydi de, ekilenip, qaysi ka`sipti tan`lawdi bilmey ju`redi. Sonliqtan bul jasta olarg`a ja`rdem beriw kerek, yag`niy ka`sip tan`lawdin` a`hmiyetin, kim qalay tan`lawi kerek ekenligin, ka`siplerdin` tu`rlerin tu`sindiriw, olardan qanday uqililiq, ko`nlikpeler talap etiletug`inlig`in tu`sindiriw za`ru`r. bul da`wirde oqiw xizmeti negizgi iskerlik bolg`anliqtan olarda da`slep oqiw motivi son`inan oqiwdi dawam etiw, ka`sip tan`law onin` ushin kerekli bilimler ko`birek qiziqtira baslaydi. Usinin` na`tiyjesinde oqiwshilar o`zinin` qaysi tarawda qanday na`rselerge beyimliligi bar ekenligin onin` mu`mkinshiligi, al qaysi, qanday ta`repleri ha`lsiz, jetkiliksiz ekenligin sezip aladi. Bunday ta`rplerin an`lay aliwi oqiw motivlerin aniq tan`lap tu`siniwge ja`rdem beredi. Eger bunday motivler aniq qa`liplespese, bunday oqiwshilar o`zinin` oqiwg`a degen qatnasin , keleshegin duris ha`m sheshiwshi maqsetli da`rejede sezip qatnas jasawi qiyin.

Uliwma alg`anda mektep oqiwshilarinin` individual o`zgeshelikleri ha`m ka`sipke bag`darlaniwshilig`i bu`gingi ku`nde a`hmiyetli ma`selelerdin` biri bolip esaplanadi. Sonliqtan mekteplerde «Ka`sipke bag`darlaw» pa`ni sabaq retinde o`tiliwi a`hmiyetli. Bul sabaqti janli tu`rde o`tiw, yag`niy ha`r bir ka`siptin` tu`ri menen tanistirg`anda sol ka`siptin` alding`i mamanlarin sabaqqa qatnastiriw, soraw – juwaplar o`tkeriw za`ru`r. ka`sipler boyinsha mag`liwmat bergende balalarg`a tek sol ka`siptin` mazmuni g`ana emes, al sol ka`sipti iyelew ushin ha`m tabisli xizmet ko`rsetiw ushin adam qanday qa`siyetlerge iye boliwi kerek ekenligin de ashíp beriwi kerek.

Sonday aq, ka`sipke bag`darlag`anda oqiwshilardin` jeke beyimliligin, uqiplilig`in, mu`mkinshiliklerin ko`rsetiwge ja`rdem ha`m qaysi ka`sipke paydalaniwg`a bolatug`inlig`i haqqinda usinislar berilgenligi maqul. Bul ka`sip boyinsha konsul`tatsiyalar balalarg`a ka`sip tan`lawinda o`zlerinin` mu`mkinshiliklerin duris bahalawina ja`rdem beredi. Oqiwshilardi ka`sipke

bag`darlawdin` uliwmaliq sistemasi negizgi jumis alip bariwi kerek. Olar to`mendegishe:

- ka`sipti duris tan`law boyinsha shinig`iwlar o`tkeriw;
- ka`sip boyinsha konsul`tatsiyalar beriw;
- ka`sipti tan`lawi;
- ka`sipke beyimliligi.

Ka`sip tan`lawg`a duris bag`dar beriw bul ka`sip iyelerinin` sapali xizmet ko`rsetiwin ta`miyinleydi. Ja`miyetimizge bolsa sapali kadrlar ju`da` za`ru`r. O`zbekstan Respublikasinin` «Kadrlar tayarlaw milliy da`stu`ri»nin` turmisqa engiziliwi bunin` ayqin da`liyli bolip esaplanadi. Bul da`stu`r birinshi Prezidentimiz I.A.Karimov aytqaninday, «Erkin pikirleytug`in, joqari ta`jiriybeli kadrlar tayarlawg`a xizmet etedi». Sonliqtan, jan`adan ashilip atirg`an ka`sip – o`ner kollejleri, akademiyaliq litseyler, wa`layatlar ha`m qalalardag`i sho`lkemlestirilgen ka`sipke bag`darlaw diagnostikaliq oraylari 9 – klassti tamalag`an oqiwshilardin` uqibin, qizig`iwshilig`in o`z waqtinda aniqlaw, oni psixologiyaliq metodlar ja`rdeminde diagnostika qiliwdi a`melge asiradi. Bul isler jaslardag`i ka`sip – o`nerge bolg`an bag`darlardi adekvat boliwin, o`zinin` jasaw jerinen uzaq bolmag`an sha`rayatta za`ru`r, o`z uqibina say o`ner iyesi bolip jetilisiwine ja`rdem beredi.

**PAYDALANILG'AN A'DEBIYATLAR:**


1. Karimov I.A. Barkamol avlod – O'zbekiston kelajagining poydevori. T. «Sharq» 1997.
2. Karimov I.A. O'zbekiston XXI asrga intilmoqda. T., O'zbekiston. 1999.
3. Karimov I.A. Vatanimizning tinchligi va xavsizligi wz kuch-qudratimizga, xalqimizning xamjihatligiga va bukilmas irodasiga bog`liq. T.:Wzbekiston, 2004.
4. Karimov I.A. Wzbekiston buyuk kelajak sari. T.: Wzbekiston, 1998.
5. Ozbekstan Respublikasi «Talim haqqinda»g`i Nizami. T. 1997
6. «Kadrlar tayarlaw milliy dasturi». T. 1997.
7. Vigotskiy L.S. Pedagogicheskaya psixologiya / Pod.red.V.V.Davidova. – M.: Pedagogika,1991.-480 s.
8. Goziev E. Psixologiya. T. 2000
9. Goziev E. Xasanov B. Psixologiya muammolari. T. 1999.
10. Goziev E. Psixologiya. Toshkent 1994.
11. Dubrovina I.V. Shkol`naya psixologicheskaya slujba: Voprosi teorii i praktiki. M. 1991. 232 s.
12. Davletshin M.G. va boshk. Esh davlar va pedagogik psixologiya. T. 2004.
13. Ergashev Sh.T., Nikitina S.O., Kudasheva I.V. O'quvchi shaxsini kasbga yo'naltirish maqsadlarida tashxis qilish. Maktab va hayot. № 3. 2006.
14. Jo'raeva S. Shaxsning kasbiy shakllanishiga bag'ishlangan psixologik g'oyalar va peagogik faoliyatning psixologik diagnostikasi. Maktab va haet № 2. 2006.
15. Klimov E.A. Kak vibrat` professiyu. M. 1990.
16. Kolominskiy Ya.L. Chelovek sredi lyudey. M. 1970
17. Kondakov I.M. Diagnostika professional`nix ustanovak podrostkov. Voprosi psixologii. № 2. 1997.
18. Nishanova Z.T. Psixologik xizmat. T. 2006.
19. Najimov G.N., Klicheva Z.P. «Psixokonsul`tatsiya» kursi boyinsha metodikaliq qollanba. N. 1999
20. Petrovskiy A.V. Umumiy psixologiya. 1999
21. Rogov E.I. Nastol`naya kniga prakticheskogo psixologa. M.: Vlados.1999.

22.Stolyarenko L.D. Pedagogicheskaya psixologiya. Rostov N/D.: Feniks, 2000. - 544 s.

23.Qodirov B.R.  Qiziqishlar xaritasi. Metodik qwllanma. Respublika iste`dod Markazi.T.1999.

24.Qodirov K.B. Kasb tanlashga tayerlikning psixologik jihatlari va kasbiy tashxis. T. 2001.

25.Qodirov K.B. Shaxs ywnalganligini aniqlash. Metodik qo'llanma. T. 1998.

26. Qodirov B.R., Qodirov K.B. Kasbiy tashxis metodikalari to'plami. T. 2003.

27.Xoxlova Z. Talabalar uchun psixologiyadan topshiriqlar. T. 2002 y.

28.www. Doda.uz.

29.www. Ziyo.net.

30.www. Referat.ru